Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхуIэхэр ирагъэфIакIуэ

2-нэ нап.

Дин псори зыгуэркIэ зэпохуэ

2-нэ нап.

Нэхъыжьым и пщIэр

3-нэ нап.

Унагъуэхэм щахъумэ сурэтхэр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОKI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№55 (24.493) ● 2023 гъэм накъыгъэм (майм) и 12, мэрем ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Я зэфIэкIхэм хагъахъуэ

4-нэ нап.

Уэрамым икъукIэ зихъуэжынущ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыгъуазэ зэщIащ Налшык и «Къуэкъыпэ» хьэблэмрэ «Дубки» къалэ Iыхьэм щыIэхэт сымаджэщхэмрэ екIуалIэ, Щоджэным и цIэр зезыхьэ уэрамым щекIуекI зэхъуэкIыныгъэхэм.

УЭРАМЫР метр 15-кIэ нэхъ бгъуэ ящIынурэ, абдежым машинилI щызэблэкIыфу хъунущ. Уэрамым трагъэувэнущ иджырей уэздыгъэхэр. «Уафэ къабзэ» программэм ипкъ иткIэ, ток кIапсэхэр пкъохэм кIэрыщIауэ щымыту, щым и лъабжьэм щызэпрашынущ. Гъуэгум и лъэныкъуитIыкIэ ирикIуэну лъэс лъагъуэхэри, къэувыIэпIэхэри зыхуэй хуагъэзэнущ. Лэжьыгъэр бжьыхьэм деж яухыну я мурадщ.

И кIэм ноблагъэ Уэыфэ куэдым щеIэзэ республикэ сабий клиникэр зэIуэзэпэщ ящIыжьын папщIэ яубла лэжьыгъэхэр. Абы хиубыдэ етIуанэ ухуэныгъэм сымаджэхэр зрашэлIэну къудамэ хащIыхьынущ, иджырей зэманым къигъэув мардэм тету, КТ, МРТ Iэмэпсымэхэр зыщIэт пэшхэр хэту. Сымаджэщым щагъэгъуэлъхьэнухэм щажэтыпIэ алрей Iэнатlэхэм щыхухэр щызэтримыхьэу лэжьэфынущ абы и фIыгъэкIэ, дэтхэнэ сымаджэри зыхуэныкъуэ къудамэм псынщIэу нэсын хуэдэу.

Иджыпстурей Iэзэкуэ ухуэныгъэм и щыбыр нэхъыбэрэ зекIуэ, нэхъыфIуи зыгъэхуабэ мывэхкIэмкIэ зэрахьэ. ЗэIуэзэпэщ ящIынущ сабий сымаджэщым и пщIантIэрэ, машинэ гъэувыпIэхэр, сабий джэгупIэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр хэту. Сымаджэщымрэ Кардиодиспансерымрэ ялрэгъунэгъуэ машинэ гъэувыпIэщIэхэм зыщрагъубгъунущ.

КIынэмыщIауэ, Щоджэным и цIэр зезыхьэмрэ Малая уэрамымрэ я зэпылъыпIэм дэж узынщагъэр щебгъэфIэкIуэну, зыщыбгъапсэхуну Iэмалхэр зыхэт уэрам хадэ щыкIу щащIынущ.

- Сымаджэщым и Iэгъуэблагъэм къыпхуэмыщIыхужу зихъуэжынущ, республикэм иц Iыхуфэми нэхъ тыншу къахуэгъэсэбэпынущ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

ЗыхущIэкъупхъэхэри мащIэкъым

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм Налшык дэт къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м щыригъэжьэкIащ блэкIа илъэсым зэрылэжьар къыщащIытэжа, мы гъэм я мурадхэр щагъэзэIуа зэIущIэ. Абы хэтащ КЪБР-м и Президент КIуэкIуэ Казбек.

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Къалэбатэ Рустам зыубгъуауэ тепсэльыхьащ Iэнатlэм и унэтIныныгъэ псоми щекIуэкI Iуэхугъуэхэм. Къэпсэльэныгъэм ипэ къихуэу къызэхуэсахэр ирагъэплъащ цIыхухэм япэ медициндэ дэIэпыкуныгъэхэр щагъэуэт Iуэхущ Iапэхэр къэгъэщIэжьныныкIэ щыналъэм щызэфIагъэкIа лэжьыгъэхэр къыщыгъэльэгъуэжа видеотеплъэгъуэм. Абы наIуэ къыщIащ а унэтIныныгъэмкIэ Iэнатlэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщрагъэкIуэкIар.

- Республикэм жыджэру щагъэзащIэ «Узыншагъэр хъумэн» къэпкъ проектым къахуигъэуэ Iуэхугъуэр. Пандемием и лъэхъэнэм язныкъуэ лэжьыгъэр къызэтеувыIауэ щытами, мы гъэм и пэщIэдзэм щIэгъэхуэбжьауэ Iуэхум иужь дихьэжащ, - жиIащ министрым. - Мы зэманым ирихьэлIэу щыналъэ проект куэдыкIэ екъуэлэныгъэхэр диIэщ, уеблэмэ язныкъуэхэмкIэ Урысейм и хэгъэгухэм ди щыналъэр щыпэрытщ.

Къэлэбатэм и гугъу ищIащ республикэм и демографие щытыкIэм икIи къызэригъэлъэгъуамкIэ, 2023 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу республикэм щыпсэухэм я бжьыгъэр цIыху 903266-рэ мэхъу, абы щыщу 214093-р сабийщ. Иужьрей илъэситIым коронавирус узыфэ зэрыцIалэм зэрызиубгъум и зэранкIэ лIэхэм я бжьыгъэр нэхъыбэу щытами, нэгъабэ абы зи Iуэхур нэхъыфIу кьаалъита хэгъэгухэм ди республикэр хэтщ.

- Ар зи фIыгъэр жылагъуэм я узыншагъэр хъумэныкIэ, и чэзум узыр къэхута хъунымкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэрщ, - жиIащ министрым. - ЦIыху нэхъыбэм я узыншагъэр къэпщытэнымкIэ сэбэныщхэу мэхъу ягъэзэнхъуэ медицинэ комплексэхэр. ИпэситIым кьрибыдэу, «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым хыхьэу, республикэм и медицинэ Iуэхущ Iапэхэм яIэрыхьащ зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Къапщтэмэ, 2022 гъэм диспансеризацэр ирагъэкIуэкIащ цIыху мин 19-м нэблагъэ.

ФIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкуныгъэхэр цIыхухэм яхуэщIэнэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэей хуэзэу щыэтеублащ Iуэхущ Iапэ 13-м. Узыншагъэр хъумэныкIэ Iэнатlэм дэтхэнэ и зы унэтIныныгъэми зыиужьыныгъэ пыухыкIахэр щокIуэкI.

Узыншагъэр хъумэныкIэ Iэнатlэр зыхуэныкъуэ Iэщ IагъэлIэкIмкIэ къызэгъэпэщыныр министерствэм зыхуигъувыжа кьаалэм нэхъыщхьэхэм ящыщщ. А Iуэхум хуэунэтIауэ илъэс зыбжанэ хъуауэ ди республикэм щагъэзащIэ «Къуажэ дохутыр» къэрал программэр. Абы ипкъ иткIэ, 2019 - 2022 гъэхэм унэтIныныгъэ зэхуэмыдзэкIмкIэ дохутыри 139-м лэжьыгъэ ягъуэтащ.

Iэнатlэр зэрефIакIуэр наIуэ зыщ Iуэхугъуэхэм ящыщ зыуэ Кьалэбатэм къигъэльэгъуащ компьютерым и Iэмалхэр нэхъ жыджэру къыщагъэсэбэпу Iуэхур зэрызэтраублар. Псальэм папщIэ, Кьэрал IуэхутхьэбзэхэмкIэ зыуэ щыт порталым и фIыгъэкIэ зэпэIухауэ дохутырым и деж зебгъэтхьныр кудкIэ нэхъ тынш хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыбзэ а Iуэхуми къыщыхъжаныкIащ, а Iэмалыр къэзыгъэсэбэпхэр процент 90-м нэсащ.

2023 гъэм зыхуагъэувыжа кьаалэнхэм я гугъу щищIым, министрым къыхигъэщащ къэрал, щыналъэ программэхэр гъэзэщIэным адэкIи къызэрыпащэнур республикэм и цIыхухэм ягъуэт медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэным я кьару псори етауэ зэрыпелъэжьэнур.

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жиIащ республикэм узыншагъэр хъумэныкIэ и Iэнатlэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщрагъэкIуэкIар, абы игъуэта Iыхьэуэ жысIэмэ, иджыпстукIэ гугъуехьхэр нэхъ здэщыIэр районхэмрэ къуажэхэмрэщ, - жиIащ республикэ Унафэщым. - Ахэр зыхуэныкъуэ Iэщ IагъэлIэхэмкIэ къызэгъэпэщыныкIэ, абы-хэм дгъакIуэ медицинэ лэжьакIуэхэр дэIыгъыныкIэ хэкIыпIэ щхьэхуэхэр убзыхупхъэщ. Апхуэдэуи тхьэусыхафэ щыIэщ Республикэ психоневрологие диспансерым и Iэхуащ Iапэ мыхьэнэншэ дыдэ зэрыхъуам теуауэ. Ар икIэщIыпIэкIэ зи ужь дихьэн хуей Iуэхугъэм ящыщщ. Iэнатlэм ехьулIэныгъэхэр щыIэщ, адэкIи дызыхущIэкъупхъэр нэхъ мащIэкъым.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Дызэкъуэту

Къэрэгъэщдэсхэр Тэмазэм ирогушхуэ

ЕкIуэкI дзэ Iуэху хэхам ди гупсысэкIэм щIэ куэд къыхилъхьащ, тIощIэхууи хуежьауэ, ди гум куэд къыщетIощIыж. Щхьэтечу жыпIэнщи, абы кьыдгуригъэIуэжащ Хэкур фIыуэ солъагъу жыпIэнымрэ ар пхъумэн папщIэ лIыгъэ зепхьэнымрэ я зэхуакум дэлъыр зыхуэдизыр. Дяпэ итахэм ар ящIэу щытащ икIи я щапхъэкIэ къагъэлъэгъуащ я зэфIэкIыр. Иджы дыдэ дгъэлъэпIа ТекIуэныгъэ Иным и махуэри зи Iуэжьыр ахэращ. ГъащIэр щыхьэт тохъуэ апхуэдэхэм я щIэблэри яхуэфэщэну къыщыгъэджам.

АБЫ сыт и лъэныкъуэкIи поджэж ТекIуэныгъэм и махуэм и пэ кьихуэу Къэрэгъэшэ къуажэм щекIуэкIа зэхьхьэр. Жылэм щыпсэухэр зэхуэсат дзэ Iуэху хэхам нэгъабэ щыхэкIуэда, Урысей Федерацэм и Лыхъжь, гвардием и капитан Тэмазэ Тимур Мухьэмэд и къуэм и фэеплъыр ягъэльэпIэну. Ахэри яхуеблагъахэри Къэрэгъэш курыт школитIми зэкIэлъхьэужьу щекIуэкIа зэIущIэхэм хэтащ.

Къэрэгъэш дэт курыт школ №2-р зэрахуэгъэ куэд щIакъым. Ар иджырей зэманым сыткIи хуэщIа еджапIэщ. Абы я къуажэгъу лIыхъужьмэ и цIэр зэрыфIащ ефэлIа зэIущIэр Урысейм и Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэмкIэ къызэIуаха иужь псалъэ иратащ ди республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь **Тату Казбек**. Абыи, иужькIэ къэпсэльахэу Къэрэгъэшыр зыхьхьэ Прохладнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Журавлёв Андреи**, нэгъуэщIхэми кьыхагъэщхьэхукIащ офицер хахуэ икIи акъылфIэ Тэмазэр Хэкум псэемыблэжу къулыкъу хуэщIыным и щапхъэу зэрыщытар икIи къэралым и щхьэхэм зэрыщытар. Ар зэи ящыгъупщэнукъым и Iыхьлыхэм, и ныбжьэгъуу, къэзыщIыхуу щытахэм я мызакъуэу, и Лыгъэм иригушхуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми икIи и цIэр сыт щыгъуи къраУэнущ Урысейм и къуэ бжьыфIэхэм яхэту.

И цIэр етIуанэ школым фIащами, Тимур щеджари къиухари Бэшорэ Хьэмид и цIэр зезыхьхэ япэ курыт школырщ - нэхъапэм апхуэдэ еджапIэу къуажэм дэтар а зырщ. ЛIыхъужьым и фэеплъ пхъэбгъу къыззрыщIауахым теухуа зэIущIэр школым и унафэщI **Шал Марьянэ** къызэIуихри, жиIащ апхуэдэ езыхэм я гъэсэнхэм къаззрыхэкIар гушхуэныгъэ къахэзылъхьэ къарууэ къызэрильытащ.

Къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Заптий Артур** кIэщIу тепсэльыхьащ Тэмазэ Тимур и къекIуэкIыкIам. «ГъащIэр къызэрапщIу и кIыхьагъыркъым, атIэ и кууагъырщ» жыхуаIэм хуэдэщ ар...

... Тэмазэ Тимур 1990 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м кьалъхуащ. И ныбжьыр илъэс 15 фIэкIа иримыкъуауэ и адэр дунейм ехыжащ. Курыт еджапIэр 2008 гъэм къиухащ. Рязань кьалэм генерал Маргелов В. Ф. и цIэр зэрихьэу щыIэ хьэуа-десант еджапIэ нэхъыщхьэм щытхъу иIэу щеджа нэужь парашют-десант взводым и унафэщIу, иужькIэ ротэм и унафэщIым и къуэдзэу, и унафэщIу къулыкъу ищIащ. Сирием щапэщIэтащ террорист зэгухьэныгъэхэм хэтхэм. Дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэу, 2022 гъэм мазаем и 24-м, и гупсэр и Донбассым кIуащ. Бадзэуэгъуэм и 18-м «Шторм» ебгъэрыкIуэ десант гупым и унафэщIу ягъэуващ. Тэмазэр зи пашэ зауэлIхэм щыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм бийм хэщыныгъэшхуэ щратащ. КъарукIэ кьащефIэкIхэм дежи къикIуэт жыхуаIэр ящIэрэ-къым. Апхуэдэ зэхуэхэм ящыщ зым Тимур уIэгъэ щыхъуащ, ауэ зэуапIэр ибгынакъым. АрщхьэкIэ аргуэру къытехуэ удыным къелакъым - ар Херсон областым щыIэ Великоалександровскэ районым 2022 гъэм фокIадэм и 17-м щиIыкIащ игъуэта уIэгъэхэм. ЩIалэр и хэкум къашэжри, Къэрэгъэш къуажэм щыщIалъхьащ.

ЩIыхь ин пылъу ирихьэкIа дзэ къулыкъум псори зэхэту дамыгъэ 11 къыщыхуагъэфэщащ: «ЛIыгъэм и орденыр», «И хахуагъэм папщIэ» медалыр; Суворовымрэ Жуковымрэ я медалхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщ дзэгъэнэри, езыхэм я цIэхэм къызэрыбжаIэщи, псэемыблэж лIыгъэм и щапхъэ къызэригъэлъэгъуам и дамыгъащ. Дауи, абыхэм ящыщу нэхъыщхьэщ ЛIыхъужьым и Дыщэ Вагъуэр. Мис, псальэм и хьэтыркIэ, Урысейм и хьэуа-десантыдзэхэм я штабым и унафэщIым и къуэдзэ, гвардием и полковник Сторожев Эдуард жиIар: «Езым кьыдалъхуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ кьыгъэлъагъуэу Тэмазэ Тимур зэкIуэдащ, и зауэлI кьаланэр игъэзащIэ. Дзэ Iуэху хэхам абы зыкъыщигъэлъэгъуащ зи Iэщ Iагъэм куууэ хэзыщIыкI офицеру. И унафэм щIэтхэр сыт щыгъуи япэ иту ебгъэрыкIуэрт. Езыр къызэфIэмыщIэт икIи къэмыланджэгт».

... Тэмазэм и щIыхькIэ зэхуэсахэр куэдрэ зэбгрыкIыжакъым зэхьхьэр ияха иужьи. Тимур и фэеплъ пхъэбгъум деж удз гъэгъахэр щызыгъэтIылъахэм яхэтащ ЛIыхъужьым и унэкъуэщхэу нэгъуэщI кьужьхэм щыщхэри, уеблэмэ, Къэрэшей-Щэрджэсым къикIахэри. КъШР-м щыщ Хьэбэз къуажэм щыпсэу **Тэмазэ Сулътан** къыджиIащ:

- БлэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм ди адэм дыкъишэри, дысабийуэ Къэрэгъэш япэу дыкъеблэгъауэ щытащ. Абы лъандэрэ дызэкIэлъкIуэ, гуауэкIи гуфIэгъуэкIи дызэрощIэ. Иджыри араущ. Дэ хэлъыкIауэ дрогушхуэ ди Тимур. Ди мызакъуэу, ар адыгэ псоми ди вагъуэщ, абы и сурэтыр зытет пхъэбгъушхуэ Черкесск кьалэми щедгъэгъуэващ.

... Иджы КъШР-м щыщ Тэмазэхэр Къэрэгъэш къэкIуэнущ бжьыхьэм. ФокIадэм хьэзыр хъунущ Урысей Федерацэм и ЛIыхъужьым и фэеплъыр. Ар Къэрэгъэш жылэм и кум хуэзэу щагъэувыну я мурадщ.

ШАЛ Мухьэмэд.

Уэрамым икъукIэ зихъуэжынущ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыгъуазэ зэщIащ Налшык и «Къуэкъыпэ» хьэблэмрэ «Дубки» къалэ Iыхьэм щыIэхэт сымаджэщхэмрэ екIуалIэ, Щоджэным и цIэр зезыхьэ уэрамым щекIуекI зэхъуэкIыныгъэхэм.

УЭРАМЫР метр 15-кIэ нэхъ бгъуэ ящIынурэ, абдежым машинилI щызэблэкIыфу хъунущ. Уэрамым трагъэувэнущ иджырей уэздыгъэхэр. «Уафэ къабзэ» программэм ипкъ иткIэ, ток кIапсэхэр пкъохэм кIэрыщIауэ щымыту, щым и лъабжьэм щызэпрашынущ. Гъуэгум и лъэныкъуитIыкIэ ирикIуэну лъэс лъагъуэхэри, къэувыIэпIэхэри зыхуэй хуагъэзэнущ. Лэжьыгъэр бжьыхьэм деж яухыну я мурадщ.

И кIэм ноблагъэ Узыфэ куэдым щеIэзэ республикэ сабий клиникэр зэIуэзэпэщ ящIыжьын папщIэ яубла лэжьыгъэхэр. Абы хиубыдэ етIуанэ ухуэныгъэм сымаджэхэр зрашэлIэну къудамэ хащIыхьынущ, иджырей зэманым къигъэув мардэм тету, КТ, МРТ Iэмэпсымэхэр зыщIэт пэшхэр хэту. Сымаджэщым щагъэгъуэлъхьэнухэм щажэтыпIэ алрей Iэнатlэхэм щыхухэр щызэтримыхьэу лэжьэфынущ абы и фIыгъэкIэ, дэтхэнэ сымаджэри зыхуэныкъуэ къудамэм псынщIэу нэсын хуэдэу.

Иджыпстурей Iэзэкуэ ухуэныгъэм и щыбыр нэхъыбэрэ зекIуэ, нэхъыфIуи зыгъэхуабэ мывэхкIэмкIэ зэрахьэ. ЗэIуэзэпэщ ящIынущ сабий сымаджэщым и пщIантIэрэ, машинэ гъэувыпIэхэр, сабий джэгупIэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр хэту. Сымаджэщымрэ Кардиодиспансерымрэ ялрэгъунэгъуэ машинэ гъэувыпIэщIэхэм зыщрагъубгъунущ.

КIынэмыщIауэ, Щоджэным и цIэр зезыхьэмрэ Малая уэрамымрэ я зэпылъыпIэм дэж узынщагъэр щебгъэфIэкIуэну, зыщыбгъапсэхуну Iэмалхэр зыхэт уэрам хадэ щыкIу щащIынущ.

- Сымаджэщым и Iэгъуэблагъэм къыпхуэмыщIыхужу зихъуэжынущ, республикэм иц Iыхуфэми нэхъ тыншу къахуэгъэсэбэпынущ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

Шапсыгъым щохасэ

● Лъэпкъ Iуэху

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ Iакъуэ гупым и зи чэзу зэIущIэр Краснодар щыIалъэм щыкIуэ щIэныгъэ-хэм я къалэм щеIуэжIащ иджыблагъэ. Абы кърихьэлIащ КЪБР-м, АР-м, КъШР-м, Осетие Ищхъэрэ - Алание м, Ставрополь, Краснодар щыналъэхэм, Абхъазым, Сирием, Тыркум щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ. ЗэIущIэр махуитIкIэ зэхэтащ, Iуэхугъэ куэдым тепсэльыхьащ, унафэ хъарзынэхэри къащтащ.

ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэIущIэр къыщызэIуихым, къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Тыркумрэ Сириемрэ къыщыхъуэ щIыхьэм цIыху минхэр зэрыхэкIуэдар, абы ди лъэпкъэгъу куэди ещэ зэрахэтыр.

«Зэрыдунейуэ гухэщIыгъуэ кьезыта къэхъуькащIэм цIыхухэр зэкъуигъэуващ, зым и гуауэр адрейм зыхищIэу, зыщигъэкъуэну хуэпIащIэу жыпIэкэ къызэщIиIэтащ. Япэ итахэм ящыщщ адыгэ лъэпкъыр. Дегъэгушхуэ дэнэ къарали щыпсэу ди лъэпкъэгъуэр зыIл и бину къызэрыувам, я дэIэпыкъуныгъэр гуэзвэгъуэ зыIъэIэсахэм зэкуэдэу зэралъысам. ЩIэгъэкъуэн хъуэ Iуэхум хэтыфа псоми я фIыщIэр инщ», - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Ар тепсэльыхьыжащ езыр я пашэу лIыкIуэ гуп Тыркум тхьэмахуэм нэблагъэкIэ зэрыщыIам, щыр щыхъеи щIыпIэхэм я курыхьу къалъытэ, ди лъэпкъэгъуэхэр куэду щыпсэу Къэхьрэ-манмарэ кьалэм зэрыкIуам, абы дэсхэм я Iуэху зыIутым зэрызыщагъэгъуэзам, зэрызыщIагъэкъуа щыкIэхэм.

КАФФЕД-м и Хасащхьэм щыщ, Мараш кьалэм дэт Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Урым Бэчыр** къыхигъэщащ Хэкум икIа лIыкIуэхэм Тыркум щыпсэу адыгэхэр гуапэу къызэрызэщIиIэтар. «Гуауэр къыбдэзыIигъым уи щхьэр елъытэ, жаIэ ди дежкIэ. Фи фIэщ фщы, зеиншэ къабзэу дызэрыщымытым, щыбгъэ дызэриIэм, къытхуэгуэвэу адыгэ дуней зэрыщыIэм зыкъомкIэ ди гуныкъуэгъуэхэр мащIэ зэращIар. Тхьэмадэр къызэрытхьыар, къуажэ-къуажэкIэрэ къызэхикIуэныр щытыкIэр зэрызригъэльагъур апхуэдизкIэ зэльащIысати, псори къытщIэупщIэрт икIи къытитIагъэуагъэр. Дызыхэс лъэпкъхэм я пащхьэ ди щхьэр лъагэу щыдгъэльагъужащ, фIыщIэ фхудощI», - жиIащ зи гур къызэрфIэна Урымым.

Сэхъурокъуэ Хьэутий блэкIакъым къэралым иджыпсту иригъэкIуэкI дзэ операцIэ хэхамк. Тхьэмадэм и зэрыжиIамкIэ, ДАХ-м абы хэт щIалэхэм я Iуэхур зэи зыщигъэгъупщэркъым, зи псэрэ зи ящишагъэрэ емыблэжхэм зэрыкъуэфIэкIкIэ защIегъакъуэ. «Дызытет дунейм и шынагъэр зыхэдмыщIэу хьунукъым. Абы къегъэув нобэ дыдэуэтIэм, къэралым и Iэнатlэр зэхэтщIыкIыу и унафэщIым и лъэныкъуэу дыщытын хуейуэ. УщызэгурыIуэм деж сыт хуэдэ лъэпощхьэпори къызэбгъэкIыфынущ, дэри абы дыхущIэкъупхъэщ», - жиIащ Сэхъурокъуэм.

ДАХ-м зыхуигъэувыж пщэрыпъ нэхъыщхьэхэм ящыщщ анэдэльхубзэм и пщIэр къэIэтыныр. Абы хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI щIыпIэ хасэхэм, ауэ псори нэхъри зэкъуегъэувэ дунейм адыгэу тетым къызэдащта, «Дунейпсо адыгэ Iуэрытх» зыфIэтща Iуэху щIэпсыкIафIэм. Адыгэ Iуэрытхыр зэрекIуэкIам ехьэлIауэ къэпсэльа, ДАХ-м и вице-президент **Щоджэн Iэминат** зэрыжиIамкIэ, абы мы гъэм цIыху минихым щIигъу хэтащ. «АнэдэлъхубзэкIэ угупсысэну, утхэныр, уеджэныр пщIэ зыпылъ Iуэху зэрыщытыр щапхъэу ягъэувыну, ар къызэрыкIуэ щытыкIэу къэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэу ягъэпсыну хущIокъу диктантым и жэрдэмщIакIуэхэр. «Адыгэ Iуэрытх» дунейпсо Iуэхугъуэ зэрыкъурэ мы гъэм илъэситху хъуащ. Мы гъэм ар пIудзауи зэкьыжь жыпхъэм итуи къызэдгъэпащащ. Лэжьыгъэр щатхащ УФ-м и щIыпIэ 43-м, Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым, Голландием, США-м», - жиIащ Щоджэн Iэминат.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупIэхэр ирагъэфIакIуэ

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ зыгъэпсэхупIэхэр иджырей мардэхэм изагъэу зэрырагъэфIакIуэр, дызыхуэкIуэ иIуэсхэм зыныкIыгъэ ин къызэрыпэщыIуэр Минеральные Воды къалэм иджыблагъэ щекIуэкIа Кавказ инвестицIэ гъэпсыгъуэныгъэ иным щыжаIащ Iэщ1аГъэлIхэм.

КАВКАЗ инвестицIэ гъэпсыгъуэныгъэр КИФЩI-м и экономикэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьщ эхыпIэмэ, ущыуэнукъым. Мы Iуэхур Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту къызэрагъэпэщ икIи хъэрычэт Iэхум, банкым, зыужьныныгъэмкIэ институтым, щIыналъэ, федеральнэ унафэщIхэм я лIыкIуэхэр хэтщ. Гъэпсыгъуэныгъэм унэтIныгъэ 20-кIэ зэхуэсхэр щокIуэкI, абыхэм я Iыхьэ планэр зи жэрдэмыр «Кавказ. РФ»–рашц.

«Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и туризмэр: иджырей Iэмалхэмрэ щIэуэ къежьа хэкIыпIэхэмрэ» зыфIаща утыкум, федеральнэ, щIыналъэ унафэщIхэр, ресторанхэмрэ хьэщIэщхэмрэ зыгъэлажьэхэр, туроператорхэр зыхэта зэIущIэм, нэхъыщхьэу щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм и туризмэ IэнатIэм дяпэкIэ къыпэпсэхэм. Абы щыIащ Дагъыстэн Республикэм туризмэмкIэ, цIыхубз художественнэ Iэщ1агъэхэмкIэ и министр Мерданов Эмин, Осетие Ищхъэрэ - Аланием ТуризмэмкIэ и комитетым и унафэщI Дзарахохов Ацэмэз, Урысейм и Ресторакторхэмрэ отельерхэмрэ я федерацэм и президент Бухаров Игорь, АТОР-м и гъэзэщIакIуэ унафэщI Помидзе Майе, «Альянс Отель Менеджмент» компаниеми и генеральнэ унафэщI Прасов Вадим, «Вайлд Трейл»-м и унафэщI Жилин Антон, нэгъэщIхэри.

Къапщтэмэ, къэпсэльаехэм и гугъу ящIащ хэгъэгухэм щыIэ проект екъэкьаехэм, абыхэм инвестицIэ къыхэзыпхьэн къызэрагъэпэщ, щIыналъэзэхуаку турист гъэзугъэр зэрарубзыхум, экологие, гастроном, промышленнэ туризмэм, кIуэаракъэ мы IэнатIэм епха унэтIныгъэ псоми нобэ я Iуэху зыIутым, цIыхухэм ягу дихьэ Iуэхутхьбзэ яхуэщIэныкIэ хэкIыпIэхэм, нэгъэущIхэми. «Кавказ.РФ»-м и гъэзэщIакIуэ унафэщI Тымыжь Хьэсэн къыхигъэбелджылыкIащ зыхуэй хуэзэ курортхэр щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм и Iыхьэшхуэу зэрыщытыр.

«Иджыри илъэси 7 - 10 ипэкIэ, мы щIыналъэхэм щыIэ уху ныгъэшхуэхэр къэралым и нэIэ щIэту щытамэ, иджы долъагъу апхуэдэ объектхэм комплаие инхэмрэ мыпхьу зыбгъэдэлъ Iуэхущ1апIэхэмрэ ахъшэ зэрыхалъхьэр. Зэхуэдэу яфIагъэщIагъуэнщ санаторэ-курорт комплексхэри, бгы-лыжэ зыгъэпсэхупIэхэри. Апхуэдэ щапхъэу къэпхь хъунущ «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэ щIэрыIуэр кьыззрыдгъэщIэращIэр. Иджыри кьыздосым абы тегущыуэн щымыIами, иджы компание 15-м дахоплъэ, щыIы Iыхьэу 4 еттыну», - кьыхигъэщащ Тымыжь Хьэсэн.

КъулыкъущIм и гугъу ящIащ «Архъыз» комплексыр инвестор Iыдзэхеъм и нэIэ зэрыщIагъэувам фIы куэд кьызэрыпэкIуам, ар гъатхэпэм сом мелард 24-кIэ уней инвесторым зэригъэкIуэну зэрыпэщIалъхьар. «Архъызыр» кьызэрыунэхуэрэ абы и Iэгъуэблагъэр зэIузэпэщ ящIащ. Апхуэдэу зыгъэпсэхупIэм километри 10 хуэдизкIэ пIэлащIэу щыIт Архъыз къуажэ цIыкIум ильэситху Iьандэрэ щымыIауэ цIыху мини 3 зыщIэхуэ хьэщIэщхэр щащIащ, лэжьыгIэ Iэнатl эу 1000 кьыщьынэхуащ. Къэрашей-Шэрджэсым и Инжыджр районым, зыгъэпсэхупIэ щыпIэм хиубыдэм, щIы уасэр процент 450-кIэ щыдэкIуэн, налогыу къыхахри процентри 130-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

«Тегушхуауэ жыпIэ хъунущ нобэ бгыльэ зыгъэпсэхупIэхэр кьызэдгъэпэщыфу зэрызедгъэсар, абыхэм зыгъэпсэхуакIуэхэм я мызакъуэу, инвесторхэри кьызэрыдахьэхыр. Абы дэ Iэмал къыдет дяпэкIэ унэтIныныгъэщIэхэми делэжьныныкIэ, псалъэм кьыдэкIуэу жыпIэмэ, Каспий тенджызым и Iуфэм дыгъэ зеГъэупIэхэр кьыщызэIутхыным дяпэкIэ иужь дитынущ», - дыщIигъащ Хьэсэн.

«Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм щекIуэкI лжьыбгъэхэм нэхъ убгъуауэ и гугъу пщIымэ, абы и Iэгъуэблагъэхэри, Азау хуей турист къуажэ щкIыкIри зыхуей хуагъаз. Абы теухуауэ ящIэхэр «Кавказ.РФ»-м и генеральнэ унафэщI Юмшанов Андрей хуиIуэтащ Кавказ инвестицIэ гъэпсыгъуэныгъэм хэта, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Мишустин Михаил.

«Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм щекIуэкI лжьыбгъэхэм нэхъ убгъуауэ и гугъу пщIымэ, абы и Iэгъуэблагъэхэри, Азау хуей турист къуажэ щкIыкIри зыхуей хуагъаз. Абы теухуауэ ящIэхэр «Кавказ.РФ»-м и генеральнэ унафэщI Юмшанов Андрей хуиIуэтащ Кавказ инвестицIэ гъэпсыгъуэныгъэм хэта, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Мишустин Михаил.

«Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм къэгъэщIэрэщIэным ехьэлIа я лжьыгъэхэм я япэ Iыхьэр 2022 гъэм зэфIагъэкIащ. Абы кьыщызэIуэхащ сату уна щIыкIуэхэр, нэгузэгъэужьыпIэ зэмылIэужьыгIэхэр, зэуэ машинэ 800 хуэдизэ зэрыхуэу гъэувыпIэ, апхуэдэуи а щIыпIэм уэзэрыщызекIуэ гъэугъэр зэрагъэпэщыжащ.

Иджыпсту абы дэт уху нэIуасэм зы архитектурэ теплъэ ирату щIадзэнурэ 2026 гъэм ирихьэлIэу щIэхэри яуэуэнущ. Абы къыдэкIуэуи паркэр, спорт утыкуэр, къэкIуэкIыпIэхэр щащIынущ.

«Гектар 24-рэ кьызэщIэзыубыдэ щIыпIэр иджырей мардэхэм изагъэу къэдгъэщIэрэщIэнущ илъэситхуи кьриубыдэу. Мы махуэхэм абы пащIэ проект зыщIынкIи я зэпеуэ зэхэтшащ, нэхъыбэр кьыхэхкиэ, дызыхуей псори кьэльытауэ тхьылъымпIэм кьыщагъэльэгъэнущ щIыпIэми, абы иджыпсту и теплъэми, щIыуэпсми езэгъэр щIыхуэм я дежкIэ тельыджэ зыгъэпсэхупIэ», - жиIащ Юмшанов Андрей.

Абы кьыкIэльыкIуэу Iуащхьэмахуэ льапэ щащIынущ кIапсэ парк, атракционхэр, бгы хьэринэхэр, мылыщхэ къэжьыхьыпIэ, скейтпарк, скалодром, сабий, спорт утыкуэр. Нэхъ щхэуу, тыншу зызыгъэпсэхуну хуейхэм папщIэ абы кьыщыунэхунущ гъэмахуэ шей ефапIэ, уэрам тхылъ еджапIэ, зекIуапIэ хуит. КьыщынэмыщIауэ, щхьэантIагъэ нэхъыбэ хасэнущ, екIуапIэ гъэугъэр зыхуей хуагъэзэжынущ, уэздыгъэхэр фIадзэнущ. Пэжьыгъэм и нэхъыбэр щекIуэкIыпэр 2024 - 2026 гъэхэрщ.

«Ди къэралым и зыгъэпсэхупIэ нэхъ лъагэ дыдэ «Iуащхьэмахуэ» Iэмал псори иIэщ илъэсым и хъурей гъкIэ зыщыбгъэпсэху щIыпIэ нэхъыфI дыдэ хуну. Абы зыхуеину псори езыхьэпIэфын хьэрычэтыщIэхэр щыIэщ», - дыщIигъащ Юмшановым.

Апхуэдизкъэ щIыпIэ щыIэ «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэр 1970 гъэ льандэрэ мэлажьэ. Мы зэманым абы хьэщIэщ 30 щолажьэ. Абы щыщу 5-р турист хьэщIэщ, 6-р зыгъэпсэхупIэ базэщ, 5-р зыгъэпсэхупIэ пансионатщ, 4-р альплагерщ. Псори зэхэту абыхэм щIыху 3000 щIохэр.

Iуащхьэмахуэ бгы-лыжэ комплексым къэжьыхьыпIитI иIэщ: Чегетрэ Iуащхьэмахуэ бгыхэмрэ. Чегет, Iуащхьэмахуэ бгы кIапсэ гъэугъэхэм я кIыхьафэр километр 12 мэхъу. Бгы-лыжэ гъэугъэм я кIыхьафэр километр 35-м щIегъу. Нэхъ кIыхь дыдэр, метр 2500-рэ хъур, «Старый кругозор - Азау» гъэугъущ.

Туристхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъур кьалъытауэ, республикэ, къэрал унафэщIхэм гулъытэ хуащI курортхэм я инфраструктурэр егъэфIакIуэным, зыхьщIащ пэшхэм кьыхэгъэхъуэным, апхуэдэуи а унэтIныныгъэмкIэ кьыхалъхьэ жэрдэмхэр дэIыгъыным.

НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэ.

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Шапсыгъым щохасэ

Апхуэдэу абы и гугъу ящIащ диктантыр нэхъыфIу зытхахэм, тхьбзэ Iэмалхэм хуэIэрыхуэу кьыщIэкIахэм я гъэфIэж пшыхь ДАХ-м и унэм зэрыщызэхтар, цIыхуищэм щIигъум фIыщIэ тхылъ ирату зэрагъэльэпIэжар.

КъыкIэльыкIуэ Гъэзэщ1акIуэ гупыр хэпльащ Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 159-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу щIыналъэхэмрэ щIыпIэхэмрэ щрагъэкIуэкIыну Iуэхугъуэхэм. Абы теухуауэ Сэхъурокъуэ Хьэутий кьыщыпсалъэм, дунейм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр къэлыытэн зэрыхуейр, зыпIэпIащэнкIи къызэрелыIэрыр щыкъыхэгъэщащ. «Зэрытщ1эщи, къэрал унафэщIхэм игъуэу къалъытащ накъыгъэ махуэщIхэм уэрамым пэкIуэхэр щрамыгъэщIныир, цIыхур Iуву зэхэмыхьэныр. Ар ехьэлIащ адыгэхэм ди щыгъуэ-щIэж махуэмэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, пэкIуэ дыхьэхьхьэу ди кьалащхьэм и уэрам нэхъ инхэм дытету фэеплъым нэс докIуэ. Мы зы Iуэхугъуэр хэгъэкIауэ, адрейуэ хабзэм кьитIасэ зыри кьэдмыгъанэу тхуущIынущ. Псалъэм папщIэ, гъэ кьэси хуэдэу, Псэ жыгым дежь дыщIэзэхэсыфынущ, ди япэ ищащхэм дахуэщIыгъуэнущ, щэху уэздыгъэри щыхэдгъэнэфынущ. Абы нэмыщI, хэгъэгу хьэсэхуу мы махуэр зэрыригъэкIуэкIынымкIи ехьэлIа программэхэр зэхалъхьащи, ари хуэунэтIащ кьытщIэхъуэ щIэблэм я тхьидэщIэжыр кьэIэтыным, - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Тхьэмадэм кьыхилъхьа гупсысэм зригъэбгъуэ кьызэпсалъэ Адыгейм Iыпхьэ IуэхухэмкIэ, хамэщI щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм хьыбарегъащIэ Iэнатl эхэмрэ ядэлажьэныкIэ и къулыкъущIапIэм и унафэщI **Щхьэлахъуэ Аскэр**. Абы кьыхэзыхигъэщащкIэ, ащIынальэмэ пэкIуэгъ щекIуэкIынукъым. «Зэхэдгъэуба программэм ипкъ иткIэ, Адыгейм и Къэрал филармонием щIыхур кьедгъэблэгъэнущ. Абдеж щекIуэкIыну зэIущIэшхуэм кьызэщIыубыдэнущ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр: блэкIа къэхъугъэм ехьэлIа театр гъэлъэгъуэныгъэхэр, тхьидэIуэтэ пшыхьэр, нэгъуэщIхэри. Шы зекIуэхэмрэ машинэ зэхэзэжьхэрэ щыIэныкъым. Мы лъэхъэнэ цIыху цIыкIур зыхэт псэгъэзэгъэм ищIыужкIэ уэру уэзэхьэныр дэри кьемызэгъыу кьыдолытэ», – жиIащ Щхьэлахъуэм.

Апхуэдэущ Iуэхум зэрегупсысыр хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэри. «Ди къэралым щIыр хьейуэ щIыхушхуэ зэрихьам кьыхэкIыу, пкIуэкрэмэ зэхуэсхэмрэ щыдмышIыным тедубыдащ. Ауэ ди адэжьхэм я щхьэ кьэрикIуэ нэщIэбжьэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Анкара кьалэм тхьидэм теухуауэ щIэныгъэ зэхуэс щытщIыным, щIыхур абы кьетшэлIэным дыкъытеувыIащ», – жиIащ Урым Бэчыр.

Щыгъуэ-щIэж махуэм ехьэлIауэ адыгэ хэгъэгухэм щекIуэкIыну Iуэхугъуэхэр кьызэщIэзыубыдэ программэр хьыбарегъащIэ Iэнатl эхэмкIэ хэIущIыну ящIыну, хасэхэм зэбратыкIыну, Iуэхур зыIутым щIыхуэр щыгъэгъуэзэнымкIэ лжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну унафэ къащтащ.

Мыхьэнэзэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу ДАХ-м кьелъытэ грант зэхьэзэхуэхэм хьыхьанкIэ. Сэхъурокъуэхэм и къэпсэлъэныгъэм кьызэрыхэщамкIэ, илъэс зыбжанэ хьуауэ «Цыхубэ дипломатиер лъэпкъ зэхущытыкIэфIхэм я шэсылIэщ» зи фIэщыгъэ, лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ зыбжанэ кьыхэзыщIэжыбгъэ пэхуэщIэр зэхигъэувэурэ Урысейм щекIуэкI Грант зэхьэзэхуэхэм хохьэ. Апхуэдэу ДАХ-м мыз-мытIуэ УФ-м и Президентым и грантыр кьихьащ. «Жэрдэм зимыIэ щIыпIэ хасэ зыри кьытхэткъым. Псоми кьыхалъхьэну, цIыхубэр зыхэашну хуей гъкIэкI куэд мышащIэу кьынэ, абы текIуэдэну мыпIку зэрыщыкъым кьыхэкIыу. ЩIыпIэ хасэхэр фыкьыхьэуэджэ грант зэхьэзэхуэхэм нэхъыбэу фыхьыхьэну, абыхэм я гъэпсыкIэмрэ егъэкIуэкIыкIэмрэ зыщщвгъэгъуэзэну», – кьыхуриджащ хасэхэр Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ДАХ-м и тхьэмадэм кьыхилъхьа гупсысэр зэрымылъабжьэнщэр кьыхэщу Мэздэгу Адыгэ Хасэм и пашэ **Факъуэ Руслан**рэ Ставрополь щыпIалъэм щыIэ Адыгэ щэнхабзэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Шыбзыхъуэ Юрэрэ** грантхэм я фIыгъэкIэ иратекIуэкI лэжьыгъэхэм тепсэлъыхьащ. ГъэзэщIакIуэ гупым хэт щIыпIэ хасэхэр дяпэкIэ кьэралым кьыхилъхьэ грант зэрепуэхэм жьыджэру хэтыну унафэ кьащтащ.

Хасэшхуэр зэрылажьэ Хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн зэрыхуейм теухуауэ къэпсэльащ ДАХ-м и зэхэщIакIуэхэм ящыщ **МэшхуэфI Нэждэт**. «БлэкIа илъэсхэм Iэхэлъэныгъуэ иджыри кьыздэсым зэрылэжьа Хабзэм зэхуэхьэныгъуэ ящыныгъэ. Ауэ зэманыр ипэкIэ макIуэ, адыгэхэр щIыпIэхэм щыдэкIуэ къэрал унафэхэми, ди къэралым щылажьэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ехьэлIа хабзэхэмэ захъуэжащ. Мыхэр кьыхэдмыпIыгъэ хъунукъым ди лжьэкIэм. Дауи, гурыIуэгъуэщ дыщыпсэу хэгъэгум и хабзэхэр кьызэпыдуди зэрымыхъунур. КьищынэмыщIауэ, КАФФЕД-м и Iуэхури убзыхун укIыж. Хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныр игъуэу кьафщтэмэ, абы кьыдэкIуэу мы упщIэмэ фыхэплъэныр фIы хъунт», – жиIащ Мышэхуэфым.

Сэхъурокъуэ Хьэутий арэзы текIуэну Нэждэт кьизлъхьа Iуэхугъуэхэм икIи жиIащ ар игу кьызэреуэр икIи мы псалъэмакъэм зы унафэ гуэр тещIыкьуэ Гъэужьыкьын зэрыхуейр. «Иужьей илъэс зыгъэм интернетым псалъэмакъэшхуэ щекIуэкIащ Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэхэм я Зэгухьэныгъэр, КАФФЕД жыхуаIэр, ДАХ-м хэкIыжу е хэмыту. Мыбы и лъабжьэр хэкIуэ мыхъумыщIагъэ кьримыкIуэн папщIэ, Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэхэм я Хасащхьэми ДАХ-ми я унафэщIхэр дызэхьхьэри, абы теухуа зимычэзу Зэхуэсыщхуэ дызэрыт илъэсым фокIадзэм и 19 – 20-хэм едгъэкIуэкIыныр тэрэзу кьэтлъытащ», – жиIащ тхьэмадэм.

ДАХ-м и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ КЪБР-мрэ Адыгеймрэ я еджапIэ нэхъыщхьэхэм хамэ къэрал щыщ дыдэ лъэпкъэгъуэ ныбжьыщIэжр кьызэрыщIэтыехьэ щыкIэрым. Абыхэм Iэмал яIэщ къэралым и мылъкукIэ щIэныгъэ щызрагъэгъуэтыфыну. Апхуэдэу, зэIущIэ блэкIахэм кьыщащта унафэм ипкъ иткIэ, мы Iуэхугъуэм телажьэ къудамэм тхылъ игъэхьэзырри, ДАХ-р «Россотрудничество»-м и унафэщIхэм я лъыкIэ зэхуигъэзащ квотэхэр нэхъыбэ ищIыну. Ауэ Iуэхум и кьызэгъэпащкIэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр арэзы техъуакъым. Хэкум кьэзыгъэзэжкъэм ядэIэпыкъунымкIэ кьудамэм хэтхэм Сэхъурокъуэм япиубыдащ абы хэлъ зэIуымбзэкIэ пIалъэ кIэщIым кьэриубыдэу зэхагъэкIыну, кьакIуэхэм я бжыгъэ щIэмащIэр, ди дежь щежджэкIэ зыхэхуэ гугъуехьэхэр зрагъэщIэну, абыхэм я нэIэ трагъэтыну, зэпымыуи ядэлэжьэну.

КьыхэгъэщIын хуейщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акIуэ гупым и зэIущIэр купщIафIэу зэрекIуэкIар, кьрахьэлIа лэжьыгъэм псори арэзы зэрытехьуар.

Апхуэдэу ДАХ-р хэтащ Хы Iуфэм щыпсэу шапсыгъэм я Адыгэ Хасэм и тхьэмадэмрэ Хасащхьэмрэ щыхах зэхуэсым.

ХьэщIэхэм фIэхъус гуапэ ярихьу кьызэпсэлъащ ТIуапсэ щыналъэм и унафэщI щIалэщIэ **Бойкэ Сергей**. «Iэнатl эм сыкъызэрытеувэрэ куэд мыщIами, фи лэжьыгъэм сыщыгъэзащ, фызыгъэпIейтейхэр зыхызощIэ. Фи гумэщIыгъуэхэр гъэмэхэмкIэ кьызэгъэпэщащ».

Финляндиер хьтIыгу нэхъыбэ зиIэ хэралыгъуэхэм яящыщ зыщ. Апхуэдэ щIыпIэу къэралым щыIэр мини 180-м щIегъу. ГъэзщIэгъуэныращи, абыхэм я нэхъыбэр уней мылъкущ.

Нобэ

♦Медсестрам и дунейпсо махуэщ

♦1954 гъэм Налшык политехникэ техникум къыщызэIуахащ.

♦1916 гъэм кьалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхьужь **Аргун Iэбубэчыр**.

♦1917 гъэм кьалъхуащ Абхъазым и цIыхубз усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхьужь **Шинкубэ Бэгърат**.

♦1920 гъэм кьалъхуащ КЪБР-м щIыхь зиIэ и артист **ХьэщIыкъуей Билал**.

♦1935 гъэм кьалъхуащ публицист, КЪБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Уэрыш Нурхьэлий**.

♦1936 гъэм кьалъхуащ шэрджэс еджагъэшхуэ, IуэрыIуатэдж, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Брат Хьэсин**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритыкIэ, Налшык уэшх кьащцешхынущ. Чуабэр махуэм градус 13, жэщым градуси 10 - 12 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **щхьэщэмыщI иЗэщ.**

● ХъыбарегъащIэ

«Щэнхабзэ» лъэпкъ проектыр ягъэзащIэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унэм накъыгъэм и 13-м зэIущIэ щекIуэкIынущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и зэгугъэхуэм «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектыр зэрыщагъэзащIэм теухуауэ. Зэхьыхэм хэтынущ УФ-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Преподобная Надеждэ, КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, УФ-м, КИФЩI-м щэнхабзэмкIэ и Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэр, кьэпщытакIуэ нэхъыщхьэхэр.

ЗэIУщIэм щыхэплъэнущ «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектыр, «Пушкиным и картэр», «Урысейрщ кьыщагъэгъусар» проектхэр зэрагъэзащIэм, щIэблэм я гъэсэныгъэм теухуа Iуэхугъуэхэм. Абы и пэ кьихуэу Правительствэм и Унэм и пэшышхуэм кьыщызэIуахынущ Урысейм и щIыналъэхэм «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектыр зэрыщызэфIахам теухуа выставкэрэ декоративно-прикладной творчествэмкIэ «Республикэм и дыщэ лIэщIыгъуэр» гъэлъэгъуэныгъэр.

Iуэхум кьырихьэлIэхэр кIуэнущ «Арт-Идея» центрым. Центрыр 2022 гъэм кьыщызэIуахащ Кавказ Ищхъэрэм ГъэзджэхэмкIэ и къэрал институтым.

ЗэIущIэм и программэм хьыкъу кьызэрагъэпэщынущ «ЩIыналъэхэм зэманым деклIуу зэрызаужьыр» зэхьыкъэр. ХьэщIэхэр хэтынущ IуэрыIуатэ-этнографие махуэшхуэм, республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ я лъэпкъ пщIантIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэм.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЩIыналъэщIэхэм зыщIагъакъуэ

УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрий лэжьыгъэ Iуэхукъэ Республикэм. Абы зыщигъэгъуэзащ щIыналъэм спортым зырызыщиужьым.

«2023 гъэм Урысейм и хэгъэгущIэхэм спорт Iуэхущ1апIэхэр щыщIэфIэгъэувэжьным, а Iэнатl эр егъэфIэкIуэным трагъэкIуэдэну къэрал бюджетым, нэгъуэщI мылъку хэхъуапIэхэм кьыхэкIыу сом меларди 3,2-м щIигъу хуаутIыпщынущ», - жиIащ Чернышенкэ Дмитрий.

Апхуэдэу ар щыIащ Луганск дэт, Физическэ щэнхабзэмкIэ училищэ нэхъыщхьэм икIи абы щыдэж ныбжьыщIэхэм спорт щыгъын комплект 50 кьызэращэхун сертификат яритащ.

Чернышенкэ Дмитрий и аппаратым кьызэрыщыкъгъэщамкIэ, 2024 гъэм гъатхэпэм и 1 пщIондэ Луганск щIыхьэ Республикэм спорт Iуэхущ1апIэу 9 щызэрагъэпэщыжынущ, узынщагъэр щрагъэфIэкIуэж физкультурэ комплексу 7 щахуэхунущ, апхуэдэуи зыхуэныкъуэ спорт Iэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ кьащэхунущ.

УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил мэлыжьыкъым и кIэхэм наIуэ кьиущащ къэралым и щIыналъэщIэхэм я социально-экономикэ зыужьныныгъэм и программэр зэрауб зыхуар. Абы и псалъэхэм кьызэрыхэщамкIэ, программэр гъэзэщIэным ипэ кьикуэу, узынщагъэр хъумэныжьмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, социальнэ IуэхухэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ Iэнатl эхэм лжьыгъэр тэмэму щызэтеублэжьи хуейщ.

Къэзыщэхун щыIэу пIэрэ?

Урысейм и гъунапкъэм пэгъунэгъуу щыт, Финляндиеми и ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэм щыIэ Ранкки хьтIыгур ящэ. «YLE» жылагъуэ телерадиокомпаниеми кьызэритамкIэ, абы уасэу хуагъэуващ еврэ мелуани 7,9-рэ.

РАНККИ хьтIыгум зауэ Iуэхухэм хуэщIа быдапIэкэр иIэщ. 2015 гъэ пщIондэ ар Финляндиеми Зыхъужь жыхьыныкъмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту щытащ. Иджыпсту хьтIыгур зей Рятю Исмо ар илъэс ипэкIэ кьищэхуауэ щыIащ еврэ мин 700-кIэ. Абы щэч кьытрихьэркъым мы гъэм и кIэ пщIондэ а хьхуиIэ уасэмкIэ хьтIыгур зэрищэнум.

«ЩIыпIэм и зыужьныныгъэм мылъку хъарзынэ хэтлъхьащ, - жиIащ абы. ХьтIыгум и щIы кIапсэкэр кьызэрыбгъэсэбэпыным сыт и лъэныкъуэкIи хуэщIагъуэгъащ, кьищынэмыщIауэ, абы щыIэ уху нэIуасэкэр геотермальнэ гъэпIыпIэ-хэмкIэ кьызэгъэпэщащ».

Финляндиер хьтIыгу нэхъыбэ зиIэ къэралыгъуэхэм ящыщ зыщ. Апхуэдэ щIыпIэу къэралым щыIэр мини 180-м щIегъу. ГъэщIэгъуэныращи, абыхэм я нэхъыбэр уней мылъкущ.

Нобэ

♦Медсестрам и дунейпсо махуэщ

♦1954 гъэм Налшык политехникэ техникум къыщызэIуахащ.

♦1916 гъэм кьалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхьужь **Аргун Iэбубэчыр**.

♦1917 гъэм кьалъхуащ Абхъазым и цIыхубз усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхьужь **Шинкубэ Бэгърат**.

♦1920 гъэм кьалъхуащ КЪБР-м щIыхь зиIэ и артист **ХьэщIыкъуей Билал**.

♦1935 гъэм кьалъхуащ публицист, КЪБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Уэрыш Нурхьэлий**.

♦1936 гъэм кьалъхуащ шэрджэс еджагъэшхуэ, IуэрыIуатэдж, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Брат Хьэсин**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритыкIэ, Налшык уэшх кьащцешхынущ. Чуабэр махуэм градус 13, жэщым градуси 10 - 12 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **щхьэщэмыщI иЗэщ.**

Лъэпкъ Iуэщыгъэ:

УмыщIэм ущIэупщIэныр емыкIукъым.

Лъэпкъэр динкIэ зэмыщхьу щIыху куэд зэрыс ди къэралым дежкIэ мыхьэнэкуэ иIэщ фIыщIэ хъуныгъэм и дэтхэнэ къудамэми лъабжьэ хуэхъу тэмакъкIыхьагъэр ныбжьыщIэхэм яхэлъу къыдэкIуэтеиным.

Дин псори зыгуэркIэ зэтохуэ

КЪБР-м Лъэпкъ Iуэхуэмрэ жылагъуэ проектэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту, мы гъэми екIуэкIащ «Диныр - пщIэщ» зыфIаща зэхьэзэхуэр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым ис цIыхубэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэн» къэрал программэм мураду зыхуеГъэувыж сабийхэм диным хащIыкIыу, щэнхабзэ бей зэрыльэ республикэм щыпсэу псоми ядекIуэкIыфу къэгъэхуныр. Зэпеуэм кьыщыжьэжьныкIуэ къалъыта ныбжьыщIэхэр «Маяк» зыгъэпсэхупIэм махуищкIэ щызэIущIащ, я нэгу зэрызрагъэужьам кьыдэкIуэу, я щIэныгъэми щыхагъахьуэу. Сабийхэр Налшык дэт чыристан тхьэелъэIупIэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэхэм я Iуэхущ1апIэр щылажьэ мэжджэтыщхуэми ящащ. Муфтийм и дэIэпыкъуэгъу Амщыкъуэ Анжелэ ныбжьыщIэхэр щыгъуазэ ищIащ исЛъамым и Iуэхугъуэ.

Зэпеуэм и кIэухыр унэтIныныжщу екIуэкIащ: «Сурэт», «Сочиненэ», «Усэ». КъэпщытакIуэхэм яхэтащ КЪБР-м лъэпкъ Iуэхуэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и кьуэдзэ Герго-ков Жамболэт, КЪБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм, КЪБР-м и Муслъымэн Iуэпщ1апIэм, Налшыкрэ Псыхуабзэрэ зыхьыхь эчырстан епархиен, лъэныкъуэ куэду зэхэт щIалэгъуалэ центрым щыщхэр.

«Сурэт» унэтIныныгъэм япэ уэвыпIэр кьыщихьащ Налшык дэт школ №99-м и еджакIуэ Тарчыкъуэ Сабинэ. «Сочиненэ» зэпеуэм щытекIуар Май къалэм дэт школ №5-м щеджэ Коломиец Михаилщ. «Усэ» зэхьэзэхуэм Налшык дэт школ №27-м и еджакIуэ Мэз Камилэ япэ уэвыпIэр кьыщихьащ.

Ди щыналъэм щызекIуэ дин кьудамищыр апхуэдэ дыдэу зэрызэщхьэщымыкIыр кьызгурыIуащ мы проектым и фIыгъэкIэ, - Солдатскэ станицэм щыщ Нэгуелэ Элонэ зэпеуэм зэрыхэтам фIыуэ кьыдэкIуар игу кьеГъэкIыж: «Дин къэс щхьэхуэу зыгуэрхэр хэту щытми, куэдкIэ зэтохуэ. ЦIыхур фIыуэ пльагъуныр, гуапэу псоми уахущытынущ, тэмакъкIыхьагъ пхэпльыпIэм дин псоми нэхъапэу кьыщалъытэ».

- Ди мурад нэхъыщхьэр щэнхабзэ щхьэхуэхэм хэту кьыдэкIуэтей сабийхэр зэдгъэцIыхунырт, зэбгъэдэтэшэнырт, - жиIащ Гергоков Жамболэт. – ДляпэкIэ зэдгъэунэтIныр зэныкъуэр кьыхахьныжмкIи щхьэпэщ мыпхуэдэ зэпеуэхэр.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

● Щыхьэху

ЗэщIагъэкъабзэ

Ди республикэм и жылагъуэхэр зэщIэкъуэным теухуауэ илъэс къэс ирагъэкIуэкI мазитI лжьыгъэм жыджэру хэтащ Бахъсэн щIыналъэр.

ЦЫIХУ мини 8-м щIигъу зыхэлэжьыкьа щэбэт щыIэхьэхуэм хиубыдэу пхъэхуей, бзиижу жыгыу 1200-рэ хасащ, кIэрыкубжьэрыхуу тэмэ 32-рэ дашащ, километри 8,5-рэ зи кIыхьагъ къэрал гъэзугъм и Iуфэм Iут жыгхэм сэху ираташ, Бахъсэн, Балъкъ, Къулъкъужьхэм псыежьэхэхэм я Iуфэхэр зэщIагъэкъабзащ, зауэм хэтхэуа километри 6 зи кIыхьагъ мазкъэмрэ кьалэ уэрамхэмрэ, лъэс зекIуапIэхэм я къэухьхэм сэху тракIащ, удз гъэгъа гъэкIыпIэхэр ящIащ, пхъ

Гъэунэхунытъэм къыдежьа дамыгъэ

Текіуэнысгъэ Иным и махуэр иджыблагъэ дгъэлъэпіащ. Дэ диІэщ хэІэтыкІауэ тІэт гуфІэгъуэ махуэхэр. Арщхьэкіэ абыхэм ящыщу увыпІэ нэхъыщхьэр зыпхъысыр, шэч хэмылъ, Накъыгъэм и 9-рщ. Ар къэрал гуфІэгъуэ къудейкъым, атІэ жылагъуэми дэтхэнэ цІыхуми щхьэхуэу егъэщІылІа махуэшхэщ. Ар къызыхэкІри гурыуэгъэщ.

● Тхьдэ

ТХЬІДЭМ зэрыхыхьажрэ илъэс куэд дэкІаи. Хэку зауэшхуэм и лъэужьыр ГъущыжакІым, абы и мыхьэнэр жэщІакъым: ноби зы унагъуи бгъуэтынукъым а Текіуэнысгъэ Иныр къэзыхьахэм, къэзыгъэблэгъахэм яхэта цІыху къыхэмыкІауэ. Абы куэд тражьыхьащи, кІыхь зедгъэщІынкъым, ауэ дэ сыт щыгъуи дигу идгъэлъэн хуейщ ди адэшхуэхэм, абыхэм я адэжхэм зэрахьа лІыгъэр, абыхэм, ди Хэкум и мызакъуэу, дуней фоир фашизмэм къызэрырагъэлар. Псом хуэмыдэу дегупсысын хуейщ а Текіуэнысгъэм уасэу щІатар зыхуэдизым. Зэманкэр блэкІынщ, арщхьэкІэ сонет цІыхухэм зэрахьа лІыгъэм щыхьэт текъуэ дамыгъэхэр къэнэнущ. Зауэм и зэманым ахэр щытащ лІыгъэжапІэм къыщыхэжанык Іа зауэлІхэм зэрагъэпажэ. Абыхэм ящыщщ нобэ зи гугъу фхуэтщІ дамыгъэр - Хэку зауэм и орденыр. ИпэкІи ящыщ лІыгъэ зезыхьахэр къызэрыхагъэщхьэхуІ пщалъэхэр. Абыхэм ящыщщ Бэракъ Плъыжь орденыр, Вагъуэ Плъыжь орденыр, «Зэриха хахуэм папщІэ», «ЗауэлІэ Іэнатіэм къыщыхьа фІыщІэхэм папщІэ» медалхэр. Арщхьакіэ 1941 гъэм и мэхъуауэгъуэм Германиер Совет Союзым къытеуэу ди къэралыр гъэунэхунытъэ хьэлъэ хэхуа иужь абыхэм я бжыгъэм хагъэхъуэн зэрыхуейр белджылы къэхъуащ. Псом хуэмыдэу хьэлъэт япэ лъэхъэнэр: Дзэ Плъыжьыр кьиКІуэтырт, хэщІынысгъэ инхэр игъуэту. ЩытыкІэр псэзэпІъхьэпІэм хуэКІащ. Абы щыгъуэщ совет цІыхухэм я Хэкум хуаІэ лъагъунысгъэр, и щхьэхуитныбжьгъэм папщІэ я псэ зэремыблэжыр къыщагъэлъэгъуар.

Хэку зауэм и орденыр уващ зихуэдэ щІымыІэ а гъэунэхунытъэм къыдежьа япэ дамыгъэщ. 1942 гъэм и гъатхэм Сталин Иосиф къиІытащ къыхэжаныкІаэр зэрагъэпажэ дамыгъэщІэ яГъуэрыи хуейуэ. Псом япэрауэ, абы кьыгъэлъэгъуэн хуейт екІуэкІ зауэр ди къэралым и мызакъуэу, абы и щыху псоми къыкІэлъыплъэрахьа хьэкІэхъуэкІагъэу зэрыщытыр икІи ар дэтхэнэмэ зэрегъэщІылІар. А кьалэныр и пщэ далъхьащ тылым и унафэщІ генерал-лейтенант Хрулев Александр. ЯпэщІыкІэ орденым нэгъуэщІ цІэ фІащын ягуГащ. Арщхьэкіэ художникэу Дмитриев Сергейрэ (арат и щхьэкІэ зи гугъу тщІа медалхэм я сурэтхэр зыщІар) Кузнецов Алексейрэ махуитКІэ елэжьа иужь ягъэхьэзыра япэ теплъэхэм кьыхахащ зыбжанэ. Абыхэм ящхьэ щІыми я Іэдакъэщіэкіхэм нэхъыфІу кьыщыгъэлъэгъуахэр зэрагъэубыдылІащ. Орденыр кьуапитху зиІэ вагъуэ плъыжьу къыщІидзащ. Абы и кум дыщэпскІэ кьыхагъэжькІащ гъуджэрэ уадэрэ, ихъуреягькІэ къекІуэкІыу тетхащ «Хэку зауэ» псалъэхэр. Апхуэдэу кьищыт фочрэ сэшхуэрэ. Орденыр дыщэмрэ дыжьынымрэ кьыхащыкІырт. Абы иІэт 1-нэ, 2-нэ нагъыщэхэр. ОрденыщІэр щыпІэ зыбжанэм щагъэхъэзырырт. Абы кьыхэжІыу я теплъэкІи хуабжьу зэщхьэщыкІырт. Ауэрэ зы пщалъэм хуэкІуэжащ. Хэку зауэ орденым и 1-нэ нагъыщэр хуагъэфащэрт кьагъэлъэгъуа хахуагъэ пыуыкІаХэм щхьэкІэ. Япэ нагъыщэм апхуэдэ щытыкІэу 30, етІуанэ нагъыщэм 25-рэ кьыщыгъэлъэгъуат - кІураудыка кхъуьлъатэхэр, якъута танкэр щІрагъэлъэфа кхъуьхэр зыхуэдизыр, бийм и техникэр зэрабыдар, нэгъэщІ-кІинэмыщІхэр.

Дауи, абыхэм я закъуэтэкъым. 1936 гъэм кьыдэкІа Конституцэм ипкъ иткІэ орденхэмрэ медалхэмрэ цІыхухэм езытыну хуитыр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и закъуэт. Арщхьэкіэ зауэ зэманым апхуэдэ Іэмал щыщІмыІэ куэдрэ кьэхъурт. Абы кьыхэкІыу дамыгъэхэр зэуапІэ Іэнатіэм щратырт. Псалъэм и хьэтыркІэ, кхъуьлъатэзехуэ Фёдоров Иван и закъуэ Хэку зауэм и ордену тху (І) кьыхуагъэфэщауэ щытащ.

Зэрыщыту кьапщтэмэ, зауэм и зэманым а орденым и япэ нагъыщэр цІыху 324 903-м ираташ. ЕтІуанэ нагъыщэр зауэм и зэманым хуагъэфэщащ цІыху 961 652-м.

Иджы гурыІуэгъуэ мэхъу унагъуэ куэдым а дамыгъэ лъапІэр щыщІахьумэфым и щхьэусыгъуэр. ЖьатІэнащ, зратар лІа иужь зауэм зэгъэщІылІа дамыгъэ псори къэралым иратыжьын хуейт, ауэ а хабзэр кьыльэІэсыртэкъым Хэку зауэм и орденым: ар и щІэблэхэм яхъумэрт.

Текіуэнысгъэ Иныр илъэс 40 щрикъуа гъэм Хэку зауэм и орденым и етІуанэ нагъыщэр зэуэ иратащ цІыху мелуанибгъум нэсым. Ар зыхьумэжам къагурыІуэн хуейщ а орденыр я Іыхьлы мыпсэужьым и фэеплъ къудейуэ зэрыщымытыр, атІэ ар ди япэ ита псоми зихуэдэ щымыІэу къагъэлъэгъуа лІыхъужьыгъэм и щыхьэт мыкІуэдыжьну зэрагъэвар. Аращ апхуэдизу щІэлъапІэри.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

★★★

Хэку зауэшхуэм хэтахэм ящыщщ си адэ Унэж Хьэждаут Мэрем и къуэр. Ар 18-нэ десантыдзэм и хьэсыдзэм хэту Новороссийск деж щыІэуащ.

«Блэукіа» снайперым и хъыбар

«МАЛАЯ Земля» жьхуаІэ щыгур километр зэбгъуэнатІэ 30 хьууэ аращ, ауэ мыхьэнэшхуэ иІэти, совет зауэлІ мин 12 - 15-м махуэ 225-кІэ ар яІыгъащ, бийр крамыгъэкІуалІэу. НэгъуэщІу хъунутэкъым: Тамамырэ Кірымымрэ хуит къащІыжын щхьэкІэ, Новороссийск яІыгъын хуейт. Мис а лІыгъэм хэтащ си адэр, кьыІэрыгуэкІ сэлэту. Мы хъыбарыр абы кьыщысхуиІуэтэжар дуней ехьжьыным мазэ зыбжанэ фІэкІа имыІэжщ.

Си тхыгъэм еджэхэм емыкІу кьысхуэмышІыну сыщогугъ си адэр зэрысхІэтыкІым папщІэ, ауэ зы къуи щыІэу кьыщІэкІынкъым и адэм зэрихьа лІыгъэм иримыгагъу. Хьэждаут зыщІыхуахэр щыхьэт тёхъуэфынущ си псалъэхэм, ар щІыху гъэщІэгъуэну, хьэлэлу зэрыщытам.

Ди адэм жилъэщрт 1943 гъэм Новороссийск деж зэхэуэ гуащІэ зэрыщкІуэжІар. «Стратегическэ мыхьэнэшхуэ зиІэ щІыпІэр фашистхэм яубыдын папщІэ ямыщІэ щыІэтэкъым, ауэ ди сэлэтхэм заІыгът. Зэхэуэр жэщи махуи увыІэрэтэкъым. Жэщым Новороссийск кьыщыхъур зрагъэщІэн папщІэ, нэмыщхэм кхъуьлъатэкІэ зэрагъэнэху ракетэхэр (хьэрэкІытІэхэр) кьрадзыхырт. Прожекторшхуэри кьаблэрти, щІыпІэр нэхут, сыт кьэхъуми плъагъуу. Лагъымхэр дэнэкІи кьыщыуэрт. Апхуэдэхэм дежщ цІыхур зыхуэдэр наІуэ кьыщыхъур. Псом нэхърэ нэхъ хахуэу, сытым дежи кьыбдэІэпыкъуну хьэзыру кьытхэтащ Сыбыриям кьикІаехэр. А зауэм сэ кьыщызгурыІуаращи, кьалэхэр, къуажэхэр, танкхэр, кхъуьлъатэхэр щІым щыщ пхузщІынущ, цІыхум и псэр хэпхыфынущ, ауэ и Хэкум хуиІэ лъагъуныгъэр, лІыгъэр кьытехпыфынкъым. Дэ, совет цІыхухэм, зы хьуэпсапІэт диІэр – ди зэхуэдэ жьэгур тхъумэжьынырт. Абы кьыжэкІыу, зыщщІ лъэпкхІэ, иІыгъ динкІэ цІыхухэр зэхэддзыртэкъым. Дызэкъуэтт, псоми ди зэхуэдэ Хэкум дрихъумакІуэт.

Сэлэтым и лІыгъэр, кьарур щыбгъэнэхэр Іэпщэрыбанэм джед. Апхуэдэхэм деж фоч е кІэрахьуэ кхапщтэ хъунутэкъым, хабзэтэкъым. Нэмыщхэм дыщебэн кьытхуихуэрти, дауи, нэхъ льэщрат кьелыр.

Снайперу сыщытат. Куэдым я гугъэщ зауэм снайперу ущыІэным пщІэ хэлъу, тынщу: зыгъэпщкІуи, цІыхум ещакІуэ. Іуэхум зыри хэзымыщІыкІращ апхуэдэу жызыІэнур. Псом япэрауэ, зэпІэзэрыту, набдзэгубдзаплІъу щытыпхъэщ. ЕтІуанэрауэ, ущызауэ щІыпІэр щІэх-щІэхьурэ уагъэхъуэж, зыгуэрым ущещакІуэкІи жэщ-махуэкІэ зумыгъэхьейуэ ущыщІыри щІыщІ. Абы кьыдэкІуэу ущІэ уэри зыгуэр къощщкІуэнкІэ зэрыхьунур.

Зы махуэрэ зы жэщкІэ сыпэплъэу сыщысауэ, нэхущым деж гу лъыстащ нэмыщэ сэлэтыр и зыгъэпщкІупІэм кьикІауэ псыхьэ кІуэуэ. Сэ абы щытезгъапсэм, нэрыплъэмкІэ кьэслъэгъуащ сэлэтыр зэрыщІалэ дыдэм. Армэм ираджагъащІуэ аратгъэнут. Абдеж си кхъыжжьыр си нэгу кьыщІэуващ – си ныбжьэгъуэхэр, ди щІалэгъуалэ бжьыфІэр, си бынхэр. Виталий, Сыбыриям щыщ снайпер, спэмыжьжьэу щысти, «сэ сеуэнщ» жьхуэсІэу, тэрмэжкІэ зыкъезгъэщІащ. Нэмыщэ сэлэтым щхьэщыщзгъэукІщ, жыг кьудамэ къыпыхури, щІалэм и пащхьэм кьиуХащ. Сэлэтыр щтэщ, котелокыр хьифидзэри, пабжьэм зыхидзэжащ. СэуэкІакъым. Си псэм идакъым, абы и пІэкІэ абдеж си бын щыту кьиІэщыщзгъэхъури.

ИужькІэ Василий жиІат езыми апхуэдэ дыдэу зэрищІэнур, а щхэр дэ тІум ди зэхуакъ зэрыдэмыкІынур. Пэжщ, бзэгу ихьжьу си унафэ иригъэщІыну хуитт ар.

Махуэ зыбжанэ дэкІри, щІыпІэр дадгъэхъуэжащ, Іэщэрэ дызэдэкъэнкІэ дызэщІауэздри, «щхьГуным» пытщэжащ. Сыхьэтипщ Ікі э сыхэсат пабжьэм. ЩІыпІэр псыпцІэти, щІыІэм сисат зыхуэмыгъэхьеижу. Арати, зыхуэмышІыІэжу тутын пызгъэнащ. Ахьхьэту си лъэныкъуэкІэ зыгуэр зэхуащ, ауэ занщІэу узыр зыхэсщІакъым, тэлай дэкІри, гу лъыстауэ аращ – си лъакъуэм шэр пхыкІауэ лъы кижьырт. ИужькІэ кьызгурыІуащ, нэмыщэ снайперыр си лІапІэм кьытримыгъэпсэуащ арат. Махуэ зыбжанэ ипэ зэрысщІам хуэдэу, зыгуэрым фІэгугэныхь сыхьэуагъэнут. Си лъакъуэр псынщІэу спхэщ, зызущэхури, си ныбжьэгъуэхэр кьыскІэлъыкІэкІу зызмыгъэхъейуэ сыщылъащ. Абы нэхъ махуэ кІыхь си гъащІэм хэтакъым! Сыхьэт 36-кІэ сыщылъащ апхуэдэу. ЕтІуанэ пщыхьащІ-хьэм сэлэтитІ кьысскІэлъагъэкІуащ, зыр Василийт. Зэман дэкІри абы зыкъиумысыжат псэууэ сыкъагъэутэхьжьну ямыгугъэхэу, си хьэдэм кьызэрыкІэлъыкІуар».

Абы иужькІэ си адэр мазихкІэ сымаджэщым щІэлъащ. И узыншагъэм сэкъат игъуэтати, къаутІыщыжащ. Сэлэт кьызэрыгуэкІэм мис апхуэдэу гущІэгъу щызэхуащІи зауэм кьыщыхьурт.

Зыгуэрым кхъхьумэ хуэдэт си адэр: и сабиигъэм фэрэкІми хуабэуэми кьелат, зауэм псэууэ кьикІыжат. Си анэ Шэмсэтэ абыр зэныбжьт – тІури илъэс 92-м иту дунейм ехьжащ. Ди адэр фІымрэ захуагъэмрэ я телъхьэу псэуащ, сыткІи щапхъэ тесхыу и жьаУэ сыщІэтащ сэри.

УНЭЖ Кашиф,
КъБКъУ-м и профессор.

★★★

Зауэ лъагъуэжьхэр

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым усыгъэмрэ макъамэмрэ щызэхэуухуэна пшыхь иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ, «Зауэ лъагъуэжьхэр» фІэщыгъэм щІэту.

ТЕКІУЭНЫСГЪЭ Иным и махуэм хэзгъэпса пшыхьыр кьызэрагъэпэщат КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ министерствэм. «Япэ итхэм я урысейпсо зэщІэхъеенысгъэм». Налшык дэт прогимназие №14-м щеджэхэм ягъэлъэгъуащ зауэм теуха усэхэмрэ уэрэдхэмрэ гущІэгъуэну щызэкІэлъыхьа, гупсысэ пыуыкІа щыпхыша телпльэгъуэхэр. Абы кьрагъэблэгъат Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ зэщІэуэзэда кьарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранэм (пенсионерхэм) я Налшык кьалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Абдуллаев Мустэфа, «Япэ итхэм я урысейпсо зэщІэхъеенысгъэм» и щІыналъэ кьудамэм и унафэщІ Шыпш Аслъэн, тылым и лэжьакІуэхэм, зауэм и бынхэм ящыщхэр.

Литературэ-макъамэ теплъэгъуэр теухуауэ щытащ Совет Союзым къытеуа фашистхэм япэувахэм школым кьыщІэкІыу фронтым Іухьахэм. Пшыхьым мызэмытІэу и гугъу щащІащ ди нэхъыжьхэм ТекІуэныгъэм щІата уасэм, мамыр гъащІэр тхъумэн зэрыхуейм.

Зауэм щыщ теплъэгъуэхэр, усэхэр, уэрэдхэр гум щІыхьэрт. Пшыхьым щагъэлъагъуащ, зауэм и гуащІэгъуэм, ТекІуэныгъэм и лакъуэм теуХуа пычыгъуэхэр. Кьэхъу Іэхъугъуэхэм ухэту кьыпщагъэхъуу, ныбжьыщІэ цІыкІухэр Іэзэу джэгурт.

Пшыхьым и кІэухым къэпсэльа Абдуллаев Мустэфа жиІащ зэпльакъэ кьызэрымыкІуэу игу зэрыриХьар.

- «Зауэ лъагъуэжьхэмкІэ» фІэщыгъэм щІэту ныбжьыщІэхэм кьызэрагъэпэща пшыхьым зауэр зи нэгу щІэкІахэм ятха усэхэр, письмохэр, уэрэдхэр, макъамэхэр щагъэлъуащ. Сатыр къэс гупсысэ щІэлъыр зыхьиуагъащІэт абы кьеджэ ныбжьыщІэхэм. Іэзэ дыдэу кьайхьупІауэ кьызолъытэ, - кьыхихэщащ Абдуллаевым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

★★★

● Гулъытэ

Нэхъыжьым и пщІэр

Тэрч къалэм дэт кадет школ-интернатым и гъэсэнхэр жыдэхэру хэтащ ТекІуэныгъэм и махуэшхуэр щІынальэм щыгъэлъэпІэным. ЕджапІэм къыщыІэзрагъэпэщащ щІыпІэм и нэхъыжьыфІхэр, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр къызрихьэлІа зэхуэс екІу.

ФЭЕПЛЪ зэхуэсыр кьызэІуихащ интернатым и унафэщІ, подполковник Багъэтыр Эдуард. Абы ТекІуэныгъэм и махуэм теухуа фІэхъус гуапэкІэ захуигъэзащ Іуэхум кьрихьэлІа псоми.

- ТекІуэныгъэм и махуэр ди Хэку иным щалэт махуэщІхэм я нэхъыщхьэщ, сыту жыпІэмэ къэралым, абы и цІыхухэм нэхъ лъапІэ дыдэу яІэр я щхьэхуитныгъращ. Ар хъумэным я псэр щІатащ ди щІыналъэм щыщ щалэ куэдым. Абыхэм ящыщщ кхъухьлъатэзехуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхан, - жиІащ Багъэтырым. - Хахуэу, лІыгъэ щхьэмыгъазэу бийм япэщІэту Хэку зауэшхуэм хэта Къанкъуэщым, апхуэдэуи а мафІае илъэсхэм псэемыблэжу фашизмэм езэуа псоми щхьэщэ яхудощІ. Абыхэм я фэеплъыр ди гум илъын хуейщ дэ тщыщ дэтхэнэми. Пшыхьжьхэм я щапхъэм кьыщІэдгъэтэджапхъэщ кьытщІэхъуэ щІэбгъэхэр.

Багъэтырым кьыхилъхьэри, кьызэхуэсахэр дакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ ТекІуэныгъэм зи гъащІэр щІэзыта ди зауэлІхэм. ИужькІэ удз гъэгъахэр тралъхьащ зауэлІхэм я фэеплъым.

ЗэІущІэм хэтахэм ящыщу кадет еджапІэм и лІыкІуэ гуп иужькІэ кІуащ ветеран, фронтым и щІыбагъ гуащІэдэкІ лэжьыгъэфІ кьыщІезыхьэлІа нэхъыжьыфІ Лъэужь Владимир и деж. Ветераным и пащхьэм екІуу щеуэвакІри, ныбжьыщІэхэр ТекІуэныгъэм и махуэшхуэмкІэ абы ехъэхъуащ. ИужькІэ псори гуапэу зэбгъэдсащ, фэеплъ сурэтхэри зытрагъэхащ. Лъэужьыр ныбжьыщІэхэм ядэгугъэшащ и гукъэкІыжхэмкІэ. Ар и хьэщІэхэм яхутепсэльыхьащ Хэку зауэшхуэмрэ абы кьыкІэлъыкІуа лъэхъэнэмрэ цІыхухэм яшэча бгъэлъхьэмрэ гугъуехьхэмрэ. Нэхъыжьым и псалъэм гупсэхуу едэІуа ныбжьыщІэхэм абы фІыщІэ ин хуащІащ Хэку зауэшхуэм и зэманым зэрихьа лІыгъэхэм папщІэ. Ўзыншэу куэдрэ яхуэпсэуни ехъэхъуащ.

- Нобэрей дунейри кьызэІунри фэращ зейр, ныбжьыщІэ цІыкІухэ. ЩІэныгъэм фыхуэпабгъэу, лъэпкъ гъэсэныгъэ екІу фхэлъу, Хэкум и кьыщхьэщыжкІуэ нэсу Тхьэм фыкъигъэхъу! - кадетхэм ехъэхъужащ Лъэужьыр икІи жиІащ абыхэм кьабгъэдэкІа гущІэгъуэ хуабжьу гуапэ зэрыщыхъуар.

ТАМБИЙ Линэ.

ЛІыхъужьыр дэни щылІыхъужьщ

● Очерк

Борэным махуэ шэджагъуэм щІидзащ, напІэзыпІэу, дэтхэнэ зы насыпыншагъэми хуэдэу. Уафэр кьащхьэу, дыгъэми, гъэмахуэ хуабэм хуэдэу, укъигъэплъу щытащ. Мис иджы, жьыбгъэуаер кьугъыу кІыкъуэращ, уэсыр къос, нэ плъэгъуэ къуимытУ.

АХУЭМГЪУЭТХЭ я щІалэ Хьэсин мэлхэм зригъэгъазэу егъэзыпІэм кІуэжьину арат борэным щыщІидзам. УкІуэну жьыжьэжкъым, гъуэгур фІыуэ ецІыху, ауэ зэуэ нэщхьей къэхъуа дунейр уфыщІащ, зытес шыми и тхьэкІумэкэр ильагъу къудейщ. Ухуей-ухуэмеймри, кІуэжьын хуейщ. И Іэгъуапэмкіэ уэсым зыщІихьуэрэ, Хьэсин мэлхэр ипэкІэ ёху. ТІэкІуитпІэ кІуэжьмэ, нэсыжьынущ. АрщхьэкІэ, жьыбгъэр делэ хъуам ярейщи, шы мыгъасэу зеукІыж. И гъуэ кьызэрихькІэщІапхъэуауэ, кьыпэщІэхуэр лъэныкъуэ ирегъэз. ЗыкъуэдзапІэ иІэкъым бгъэ егъэзыпІэншэхэм. Хэтми тхьэмыщкІэщ, мыпхуэдэ дунейм зи унэ пэІэщІэ хъуар.

Зы сыхьэт, сыхьэтрэ ныкъуэрэ дэкІаи, дунейм зыкІи зихуэжакъым, борэным щІэтхъэхуэбжьа фІэкІа, псэупІэ гуэр щыІэу къозыгъащІэ лъагъуэ щыІэкъым. Нэсыжьи зэрыхуей зэманым куэдкІэщІигъащ, ауэ укъуэвыІэ хъунукъым - занщІэу щІыІэм уисынущ. КІыфІи хуэщ, фочи мафІэдзи иІыгъкъым Хьэсин. Уеблэмэ, ишхьи дыди кьыщтакъым. Ущуэмэ, кьурщхэм кьыпхуамыгъэгъуэу мэлыхъуэхэм жаІэр, зэрыпэжыр и нэгу щэкІырт щалэм. Абы и гум кьэкІыжащ илъэс зыбжанэ ипэкІэ борэн кьэхъуу мэлыхъуэ хэкІуэдауэ зэрыщытар. Абыи мафІэдзи гъуэмыли иІыгъатэкъым.

Хьэсин мэлхэм сакъыу якІэлъполпъ икІи игукІэ жеІэ: «Дзыхь кьысхуэзышІу мэл хъушэр кьызэыта си адэм сызэрыпУплъэжынур дауэ, мэл згъэкІуэдмэ?» А зы гупсысэм нэхъри къару кьыхихлъхьэу кьыфІощІ.

Апхуэдэу здэкІуэм, Хьэсин хуэзащ кьэ кІуэщІ гуэрым икІи мэлхэр зэхуихусри, абы ихуащ. Кьаруэ зыбгъэдэмыльыж мэлхэр я щхьэхэр егъэзыхауэ зэхэпщхьащ, хьихьэпІэ имыІэу. Ауэрэ жэщ хуауащ: дыгъужьхэр, хьэІуцыдзхэр, бы лъгъырыкухэр щыятэ зэманщ. Жэщщ. Зы нэхугъи вагъуи уафэм щыІэкъым. Псори щІакІуэ щІагъым щІиубыдам хуэдэщ. «Зэ нэху щамэ арат. Пщэдджьжьым сыкъатльихъэнут. Сымыжеямэ арат... Мэлхэр кІуэдынущ», - гупсысэхэр щызэблэж щІалэм и щхьэм.

Борэныр кІащхъэ хуэхъащ, ауэ щІыІэр тепыІэркъым. Хьэсин мэлхэр кьызэкІухь. Яныныкъуэхэм деж абы, мыжеин щхьэкІэ, и напэр уэскІэ щІетхьэщІыкІ. Зэджа тхьапхэм ит хъыбар куэд и гум кьокІыж. КьэкІыжащ Мерседыкъ уэсым хэпІу и гъусэхэм я деж пщыуэ зэрыщытар. Хьэсин абы и пІэм итУ кьызыфІигъэщІати, и щыбым щІыІэ ирижу егупсысащ: «Дауэ а кхъуьлъатэхуэр кьызэрелар? И закъуэу, шыи имыІэу, хьэи имыгъусэу икІи уІэгъэ хьэлъэу, дунейри уаеу и гъусэхэм я деж зэрыпщыкьифар? И лъакъуэхэр пымытыжу кьикІухьу зэрызигъэсар, иужькІэ лъатэу?.. Иджыри тІэкІу сшэчжмэ, нэху щынущ». Пщэдджьпэ щІыІэм мэлхэр мэжэщІалІэм кьигъэщащ. ЗэщІэхъаери, кьэтэджу щІадзащ. Хьэсин зимыІэжьэу мэлхэр ирихужьжащ. Ахэр япэм зэхуэмыдэу щхьэхьінэу, кьыкІэрыху хэту ежьащ.

Асыхьэту абы и гум кьэкІащ и анэр. Тхьэм ирещи, ар иджыпсту гъыуэ кьыщІэкІынщ. Езыри гъыГъуэ мэлыхъуэхэм жаІэр, зэрыпэжыр и нэгу щэкІырт щалэм. Абы и гум кьэкІыжащ илъэс зыбжанэ ипэкІэ борэн кьэхъуу мэлыхъуэ хэкІуэдауэ зэрыщытар. Абыи мафІэдзи гъуэмыли иІыгъатэкъым.

Хьэсин мэлхэм сакъыу якІэлъполпъ икІи игукІэ жеІэ: «Дзыхь кьысхуэзышІу мэл хъушэр кьызэыта си адэм сызэрыпУплъэжынур дауэ, мэл згъэкІуэдмэ?» А зы гупсысэм нэхъри къару кьыхихлъхьэу кьыфІощІ.

Апхуэдэу здэкІуэм, Хьэсин хуэзащ кьэ кІуэщІ гуэрым икІи мэлхэр зэхуихусри, абы ихуащ. Кьаруэ зыбгъэдэмыльыж мэлхэр я щхьэхэр егъэзыхауэ зэхэпщхьащ, хьихьэпІэ имыІэу. Ауэрэ жэщ хуауащ: дыгъужьхэр, хьэІуцыдзхэр, бы лъгъырыкухэр щыятэ зэманщ. Жэщщ. Зы нэхугъи вагъуи уафэм щыІэкъым. Псори щІакІуэ щІагъым щІиубыдам хуэдэщ. «Зэ нэху щамэ арат. Пщэдджьжьым сыкъатльихъэнут. Сымыжеямэ арат... Мэлхэр кІуэдынущ», - гупсысэхэр щызэблэж щІалэм и щхьэм.

Борэныр кІащхъэ хуэхъащ, ауэ щІыІэр тепыІэркъым. Хьэсин мэлхэр кьызэкІухь. Яныныкъуэхэм деж абы, мыжеин щхьэкІэ, и напэр уэскІэ щІетхьэщІыкІ. Зэджа тхьапхэм ит хъыбар куэд и гум кьокІыж. КьэкІыжащ Мерседыкъ уэсым хэпІу и гъусэхэм я деж пщыуэ зэрыщытар. Хьэсин абы и пІэм итУ кьызыфІигъэщІати, и щыбым щІыІэ ирижу егупсысащ: «Дауэ а кхъуьлъатэхуэр кьызэрелар? И закъуэу, шыи имыІэу, хьэи имыгъусэу икІи уІэгъэ хьэлъэу, дунейри уаеу и гъусэхэм я деж зэрыпщыкьифар? И лъакъуэхэр пымытыжу кьикІухьу зэрызигъэсар, иужькІэ лъатэу?.. Иджыри тІэкІу сшэчжмэ, нэху щынущ». Пщэдджьпэ щІыІэм мэлхэр мэжэщІалІэм кьигъэщащ. ЗэщІэхъаери, кьэтэджу щІадзащ. Хьэсин зимыІэжьэу мэлхэр ирихужьжащ. Ахэр япэм зэхуэмыдэу щхьэхьінэу, кьыкІэрыху хэту ежьащ.

Асыхьэту абы и гум кьэкІащ и анэр. Тхьэм ирещи, ар иджыпсту гъыуэ кьыщІэкІынщ. Езыри гъыГъуэ мэлыхъуэхэм жаІэр, зэрыпэжыр и нэгу щэкІырт щалэм. Абдеж и гум кьэкІыжащ илъэс зыбжанэ ипэкІэ борэн кьэхъуу мэлыхъуэ хэкІуэдауэ зэрыщытар. Абыи мафІэдзи гъуэмыли иІыгъатэкъым.

Хьэсин мэлхэм сакъыу якІэлъполпъ икІи игукІэ жеІэ: «Дзыхь кьысхуэзышІу мэл хъушэр кьызэыта си адэм сызэрыпУплъэжынур дауэ, мэл згъэкІуэдмэ?» А зы гупсысэм нэхъри къару кьыхихлъхьэу кьыфІощІ.

Ещанэ махуэм ар школ партэм дэст, гъащІэм и япэ экзаменыр

итауэ, ауэ ар Хьэсин и иужьрей экзаментэкъым.

Илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. Хьэсин и ныбжьыр илъэс пщыкІубл фІэкІа мыхъуами, мэлхэр кьызэрырагъаззэ, кьызэраубыдащ лъакъуэубыдыр игъэтІылъри, зауэм кІуэн мурад иІэу военкоматым кІуащ. «Дыноджэху дэс», - кьыжраІами, зауэм дагъэкІыху увыІакъым. Ахуэмгъуэтыр школым щыщІэсам куэдрэ нэщанэ еуэнымкІэ бжьыпэр кьиухьу щытати, зауэм щыІухьа япэ махуэм командирым кьыгурыІуащ абы снайпер кьызэхІынур. Абы фашисту хигъэщІам и бжьыгъэм хэхъуэ зэпытт икІи ар зэрыІуэбыдыпІэншэм псори есэжат. Зэгуэрым, нэмыщэ снайперым зы мэскъалкІэ нэхъапэу абы гу кьыІытащ, шэм пилоткэр пхиудри, щхьэщыр иплщІащ. «Тэмэму зыщІэзуфатэкъым, ар дерс схуэхъунщ, - жиІащ Хьэсин игукІэ. - Сэ уэ щІэх дыдэу сыпхурикъунщ, сэ уэсІощІкІыу дэнэ укІуэн, фриц?» ЗэрыжиІам хуэдэуи, фашистыр зыщигъэбыда жыг бацэм кьыхихльагъукІри яикІыкъащ.

Куэд щІэт Хьэсин зэрихьэ лІыгъэмрэ Хэкум зэрыхуэпэжымрэ гу лъатэу, коммунист партым кьыхэлъну зэрагъэлъагъуэрэ. ЗауэлІхэм зэман кьахуихуэртэкъым парт собранэм абы щытепсэлъыхьыну. Зауэ гуащІэм жеину, шхэну хущІыхьэрэ зауэм щамыгъэтыр нэхъыбэт. Бийр зы тэлайкІэ сабыра нэужь, коммунистхэр зэхэтІысхьэри, Хьэсин ираджагъэ щытащ икІи псори зэдзэрэзыуэ Ахуэмгъэт Хьэсин партым хагъэхьат. А махуэр адыгэ щІалэм гуимыхуж кьыщыхъуауэ щытащ.

...Нэмыцэхэм Кырым хьІыгуныкъуэм зыщагъэбыдат. Абыхэм я мурадащ абдежым ди дзэхэр кьыщыззэтрагъэувыІэну. Керчь деж щебгъэрыкІуа ди дзэхэм зэхаубла зауэ гуащІэм псыдэжьм мафІэу кьиІэлыдат. Хьэсин бийм щыщ куэд икІащ, офицер, сэлэт зыбжанэ гъэр кьиІащ, ауэ зауэ нэхъ гуащІэжьыр иджыри кьапэщыту кьыщІэкІащ. Севастополь деж щебгъэрыкІуэныгъэм хохьэ ар, «Ура-а-а!» макъ лъащым щІэту. Япэ зизычу щІэпхъуэхэм яхэт Хьэсин и нэкІум зыгуэр кьытохуэри, и фочыр Іэщ Іокъу, лъыр кьежжхыу мэукІурий. Тэлай дакІыу зыкъыщищІэжам, абы и гъунэгъуу щыт нэмыцэр кьелъагъу. Кьарууэ иІэр зэхуихьэри, абы и дежкІэ зидзащ. Арати, зы фашист иукІащ, ауэ езы щІалэри къэмэхащ. Лъы куэд щІэкІащ, зимыщІэжу ар и ныбжьэгъуэхэм кьагъэтыжри, сымаджэщым ирагъэшащ. НэхъыфІ зэрыхъужу, зыхэта полкым иГъэзэжащ. Хьэсин и гум техуакъым Севастополь щхьэхуит кьэзыщІыжаХэм яхэмытыну. А щІыпІэм Ахуэмгъуэтым щызэрихьа лІыгъэхэм ятеуха тхыгъэ тетащ 1944 гъэм жэпэгъуэм и 28-м кьыдэкІа «Знамя Родины» фронт газетым.

Хэку зауэшхуэр ди къэралым и текІуэныгъэкІэ иуха нэужь, Ахуэмгъуэтым щалъхуа щІыналъэм кьыгъэзэжащ. ЗауэлІ хахуэм и бгъэгум щылыдыгат зэрихьа лІыгъэм папщІэ кьыхуагъэфэща къэрал дамыгъэ лъапІэхэр. Медалитхум кьахэщыт «ЩІыхь» орденым и 2-нэ, 3-нэ нагъыщэхэр. А дамыгъэхэм ящыщ дэтхэнэми и щІыбагъ кьыдэлът псэ зэпылъхьэпІэм иту адыгэ щІалэм кьыкІуэкІа зэфІэкІ лъагэмрэ хахуагъэ кьызэрымыкІуэм

Унагъуэхэм щахъумэ сурэтхэр

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ IуназджэхэмкIэ музеим щагъэлъагъуэ «Унагъуэ сурэтылъэ» Iуэхум хыхьэ выставкэр траухуаг ТекIуэныгъэ Иным, ар къытхуэзыхьа ветеранхэм. Гъэлъэгъуэныгъэр къызэригъэпэщаг еджакIуэ Красильниковэ Ульянэ, «Большая перемена» урысейпсо зэпеуэм къыщихьа грантыр къигъэсэбэпри. Выставкэр накъыгъуэм и 15 пщIондэ лэжьэнущ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ хагъэхьащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я сурэтхэр. Апхуэдэщ Бахъсэн районым хыхьэ Крем-Константиновскэ къуажэм, Налшык къалэм щыпсэуэхэр.

- Iуэхур къызэгъэпэщынымкIэ дзIэпыкIуэгъу хъущащ КъБР-м Егъэджэнпэгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, ЩэнхабзэмкIэ, ЩIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министерствэхэр, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и гъэзэщIакIуэ комитетым, «Пэрытхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэм я щIыналъэ къудамэхэр, Налшык къалэм и Ветеранхэм я советыр, абы и унафэщI Абдуллаев Мустэфа - ар си проектым лIыхъужьхэмэ ящыщщ, - желэ Ульянэ. - Хэку зауэшхуэм и ветерану Налшык къалэм щыпсэужыр 11 къудейщ. Ветеранитхумрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ сурэт тетхащ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ нэхъыжьхэм я бынхэм, къуэрыпIъу-тхъупIъухэм я лым и щхьэхуитныгъэр тхъумэжыну ди къалэнти, бийм дыпэщIэтащ. Нэгъэущ щхьэусыгъуэкIэ уэзуэныр къезэгъыркъым, - жиIащ зэхьхьэм ирагъэблагъа, илъэс 98-рэ зи ныбжь Долбнэ Борис.

Выставкэм ирагъэблагъащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, щэнхабзэмкIэ министр Къумахуэ Мухьэдин, щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ министрым и къуэдзэ Ахъмэт Артур, «Пэрытхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн, ветеранхэм я Налшык къалэ Советым и унафэщI Абдуллаев Мустэфа, ныбжьыщIэхэр.

ТекIуижь Заретэ.

Гум имыхуж махуэхэр

Бахъсэн районми щагъэлъэпIащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 78-рэ зэрырикъур. Абы теухуа дауэдапщэхэр жылэ псоми къыщыдзэрагъэпэщат.

КIыщПэК къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм литературэ-макъамэ пшыхь щекIуэкIащ иджыблагъэ. Концертыр ягъэдэхащ «Кавказ» уэрэджы1аКIуэ ансамблым, КъБР-м и цIыхубэ артист Зеущэ Iуэес, Тебердиевэ Зухра, Тембот Хьэчим, ШыкIэбахъуэ Ислъам, Щокъуий Мурат, Жамбей Каринэ, ХьэтIохъущыкъуей дэт курыт еджапIэ №93-м и егъэджакIуэхэмрэ Бахъсэнёнкэ къуажэм и сайт хорымрэ, Бахъсэнёнкэ, Жанхъуэтекъуэ, Зеикъуэ, ХьэтIохъущыкъуей, Куба жылэхэм гъуэдзэжэхэмкIэ я школхэм я гъэсэнхэм, ХьэтIохъущыкъуейм и кадет школ-интернатым и еджакIуэхэм.

Къуэтхъужьи Ищхъэрэ къуажэм щрагъэкIуэкIаIэм я курыхт Хэку зауэшхуэм хэкIуэда Гъусэ зэкъуэшхэм я фэеплъ зэрагъэпэщыжар къызэрызэIуахьжар.

- Хэку зауэшхуэм мы жылэм щыщ куэд хэкIуэдащ, къэралым и щхьэхуитныгъэм я гъащIэр щIату. Абыхэм ящыщщ Гъусэ зэкъуэшихри. ЩIэблэм ящыгъупщэнукъым абыхэм зэрахьа лIыгъэр, - жиIащ Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и тхьэмадэ Балъкъуз Артур.

СурэтыщI гъуэзджэм щыхурагъаджэ, Къэпм Мухьэмэд и цIэр зезыхьэ школым и гъэсэнхэм къыу хужьих ящIри, Гъусэ зэшхэм я фэеплъым тралъхьащ. НыбжьыщIэ Iэпщlэльапщlэхэм фIыщIэ яхуищIащ Гъусэ Нажмудин.

Бахъсэн щIыналъэм и унафэщIхэмрэ хабзэхъумэ Iэнатlэкэм я лжьакIуэхэмрэ Кременнуг-Константиновскэ къуажэм и ветеран Боченков Василий и дежь накъыгъэм и 9-м кIуэри, ТекIуэныгъэ Иным и махуэмкIэ ехьэхъуащ. Балъкъуз Артур ветераным иритащ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ щIыналъэм и тхьэмадэмрэ якабгъэдэкI хъуэхъу телеграммэхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ.

БжьыхьэлI Розэ.

Бжьахъуэхэм бэлэрыгъыпIэ яIэкъым

● Хьэрш

«Кавказ Ищхъэрэ МВЛ» Iуэхущ1аПIэм и щIэныгъэлIхэм дызэрыщагъэгъуазэмкIэ, иджы хуэдэ заманым бжьэтежэр малIэ, ашыкхэм къинэр нэгъабэ шыщхьэуIум къраша бжьэщIэхэрщ. Абы къыхэкIыу бжьахъуэхэм куэдым я нэ трагъэтын хуей мэхъу: бжьэхэм я узыншагъэр зыхуэдэм, ашыкхэм я къабзагъэм, узыфэ зэрыщIалэ къахуэзыхь хьапщэкIэм.

БЖЬЭХЭР псом нэхърэ нэхъ зыщыхъумэн хуейхэм ящыщщ варроатоз узыфэр. Нэхъ шынагъуэр ар, зэман дэкIыу, псэущхьэ цIыкIуэр лъэрыщIыкI ищIыху къызэрыпхуэмыхутэрщ. Дуней псом щызэлъащIыса а узыр «Varroa destructor»-кIэ зэджэ мэлхьэпIатIэ лIэужьыгъуэм къыбгъдокI. Ахэр цIыкIунитIащ, бэгъуэху къыумыщIэу, ауэ бжьэхэм я щытыкIэм укIэлъыплъмэ гу лъыботэ, ахэр нэхъ щхьэхынэ е нэхъ губжьа зэрыхъум.

Адрей нозематоз узыфэр нэхъ яхуэлъэщ бжьапцIэхэмрэ бжьэ балигъэмрэ. Абы зыщцыбгъур бжьэхэр мази 5-кIэ матэхэм щаIыгъын хуей щыхъу щIыналъэ щIыIэкэрщ. Нозематозри нэхъыбэм гъэпщкIуауэ бжьэхэм йофыкI. Ахэр бгъэхъужьын папщIэ, ветеринар къэхутэныгъэхэр пасэу егъэкIуэкIын хуейщ.

«Кавказ Ищхъэрэ МВЛ»-м ФГБУ-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Уэрэ сэрэ» уэрэдыр жьыми щIэми яIурылъщ. Ар епшажьэ-мэ, къыбдемыхьууфыныр машIэщ...

Мы уэрэдыр хэкIуэтауэ
пхуэзуэсами,
Мы си щхьэцым уэс
мыткIужьыр къытесами,
Сэ къысфIощIыр
уэрэ сэрэ
Ялэу нобэ дызэкуэззу.
Уэрэ сэрэ,
Уэрэ сэрэ
Ялэу нобэ дызэкуэззу.

Гум дыхьэ уэрэдыр зытха Къуэдзокъуэ Хьэсэн и гъащIэр къызэрекIуэкIам и хъыбар къэпщIа нэужьщ, ащ ейх и купщIэр къыщыбгурыIуэр.

Зы цIыху гъащIэ

1943 гъэм Бахъсэн щIыналъэм Дзэ Плъыжьымрэ фашистхэмрэ мазищкIэ щызэхэуащ. Къуэдзокъуэхэ я пщIантIэм зэгуэр къыдэхуа топышэм и къутахуэ илъэсий ныбжьым ит Хьэсэн къытехуэри, дэIэпыкъуэгъуи хущъхьи ямыIэу, щIалэ цIыкIуи и адэ къуэшхэм я щхьэгъусэхэр махуищкIэ къыкIэлъыплъащ. ИужькIэ сэлэтхэм мастэ къыхалъхьэщ, уIэгъэр хуагъэкъабзэщ, хущхьуэ кърагъафэри, плъыржьэрыр щхьэщыкIащ, и къарур щIихами, балигъэхэр гугъу иримыгъэхьын папщIэ, къызэфIуэвэжащ. Хьэсэн и тепIэн-щIалъын тIэкIур и блэгущIэм щIэлъу, и лъэр ерагъыу зэблихьуэрэ и адэ хъуэшхэм деж чэзу-чэзуу кIуэрт, зым и деж куэдрэ зыщимыIэжьэу, адрейм деж еблагъэрт. ЩIалэ цIыкIум и адэанэр куэд щIат дунейм зэрехьэжрэ, адэ къуэшиплI иIэми, абыхэм ящыщу зыр бынынщэми, зэкъуэшхэр зэчэнджэщщ, арэзы зэдэхъури, Хьэсэн Сабий уэнэм ираташ.

Абдеж сабийм и дунейр къытеункIыфIащ, фIыри, лъагъуныгъэри, хуабагъэри, нэхури дунейм текIуэдыкIыжауэ къыщыхьхьу.

Апхуэдэ щIэдэпIащ иIар къэбэрдей тхакIуэ, усакIуэ, журналист, критик КъуэдзокъуэХьэсэн. Имычэзууэ балигъыпIэ иува, зэманым и Iеигъуэм и закъуэ дыдэу дунейм къытена сабийм и цIэр зэгуэр ину игъэIуну, гъащIэ дахэм къезышэлIэжьын лъагъуэр къигъэуIэжыну, фIымрэ лъагъуныгъэмрэ и гущIэм къыщыIуэныжыну зыми и гугъэнтэкIым. Къэралым апхуэдэ зеинщэхэр щыкуэдт, абыхэм я нэхъыбэр е мэжэщIалIэр, е узыр, е лагъым губгъуэр ажал яхуэхъурт, языныкъуэхэри езым хуэдэ зеинщэ гуэрым щIакхъуэ Iыхьэ щхьэкIэ кIуикIырт. Ауэ Хэку зауэшхуэм и гуащIэмрэ и дыджымрэкIэ зызыгъэнщIа Хьэсэн а псоми къызэрелар, кьел и закъуэ мыхъуу, цIыху къызэрыхэкIар гъэщIэгъуэнщ.

Сабий унэм ирата нэужь, Хьэсэн куэдрэ къыщIэпхъуэжурэ и адэ къуэшхэм дже игъэзэжащ. Игъэзэжыхуи, сабий зеинщэм и Iэпэр иныгъуу и адэ къуэшым ишэжырти, яритыжырт. ЩIалъхуа жьлэмрэ и адэм и лъапсэжьымрэ гъаз зэримыIэр быдзэ зыхищIа нэужь, Сабий унэм и лжьакIуэхэр къыщытелпъэжьыкIа махуэм ирогъэхьэлIэри, щIалэ цIыкIур аргуэру щIопхъэжьри, и нэр здэплъэмкIэ иунэтIащ. Урысейм и лагъым губгъуэхэр куэдрэ зэхикIухьащ Хьэсэн. Зэ Плъыжьым и сэлэтхэм къагъэтыху. Абы ирихьэлIэу щIалэ цIыкIум и щыгъыныр фейцей дыдэ хъуат, апхуэдизкIэ мэжалIэри, ерагъыу зэфIэту арат. Нэмыщхэр икIуэтырт, советыдзэри абы кIэлъыплъхьэрт.

Хьэсэн щыгъыныщIэ кратащ, вакъэщIэ къыльатIагъэщ, и ныбэ изу ягъашхэри, сэлэтхэм ящIыгъуу здрашэжьащ. Дауи, ахэр гугъуехь, шынагъуэ куэд ирихьэлIэрти, сабийм лей къытемыхьэн папщIэ, сэлэтхэм Сабий унэм иратри, езыхэр я гъэзгу теувэжащ. Ари хъуакъым - топышэ къытехуэри, здашар зэтрикъутащ.

ЩIалэм къыхэуэнэжар зыт - езым хуэдэ, екIуэлаIэ пIэншэ зеинщэхэм яхьихьэныртт. Къэралым апхуэдэ сабий мин бжыгъэхэр итт, хэт дэтхэнэм игу щIэгъун, дэтхэнэм дэIэпыкъун? ЦIыхухэр езыхэр мэжаIэрт, ерагъыу я щхьэ зыхуэя хуагъэзэжырат. Хьэсэн зыхэхуа зеинщэхэм езым нэхърэ нэхъыжь куэд яхэтт, ауэ зэрыIущым, зэрыжьакIуэм щхьэкIэ псори къедаIуэрт, къечэнджэщырт, пщIэ къыхуащIырт. ЗэныбжьэгъУ зэхуэхъуа щIалэ цIыкIухэр гъэмахуэм мафIэгум и щхьэм тесу здишэм кIуэрт. Псы щхьэкIэ лIэуэ, щIакхъуэ щыкуэдт я джиим емыхауэ, щIрихьэлIэкIэ къехьэлъэкIырт, и дунейр нэхъри нэхъ хьэлъэ ищIырт. Хьэсэн щIэхъуэпсырт унэ-лъапсэ зэригъэпэщыну, хьэм дэджэгуу, псыежэхым зыщигъэпскIыну, щыхуейм деж гъуэлъэ IэфIу жейуэ, игу къыпилъадэр ишхыу хуиту псэуну. А псоми абы къыпкърыхьэу, и гур къыщызэфIэнэкIэ, щIэпхъуэжьыр махуитху-хыкIэ къэтырт. Сабий унэм щылажьэ гъэсакIуэхэм абы и хьэлыр ящIэрт, аущ зыми емыщхь, зи гур хуитныгъэм, дахэм, фIым хуэпабгъэ щIалэ цIыкIур фIыуэ къалъагъурт. Апэ хуэдэу къэгъуэгурыкIуащ иужькIэ тхакIуэ, усакIуэ гъуэзэджэхъуну зи натIэ ит щIалэщIэр Налшык къалэ дэт школ-интернат №5-м и ебланэ классым щIэтIысхьэху.

Школым Хьэсэн фIы дыдэу щеджащ, зыри къыльэщIэмыхьэу, егъэджакIуэхэр къыщытхъурт, адрейхэм щапхъэу къыхуахьырт. Езыми жиIэрейт и егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ хуабэу игу къызэринар.

А псор Къуэдзокъуэм ягъэ зыхуиIуэтэжар и щхьэгъусэ Iэщнокъуэ Тамарэщ. Хьэсэн ар къицIыхуат 1953 гъэм ГИТИС-м щыщIэтIысхьам.

Мы дунейм зы фIы гуэр, насыпэ зэрытетым и щыхьэту, Тамарэ и адэ-анэр цIыхуфI дыдэу къыщIэкIри, Хьэсэн апхуэдизу зыщIэхъуэпсу щыта унагъуэ хуэхъуащ ахэр. ЩхьэгъусэмрэИ и щхь